ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№144 (23.958) • 2019 гъэм дыгъэгъаз3эм (декабрым) и 3, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Лъэпкъхэр хъумэным, зегъэужьыным теухуауэ зочэнджэщ

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Ди газетым зэрытетащи, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Налшык къалэ щриГъэкІуэкІащ УФ-м и Президентым деж Лъэпкъ зэхущытыкІэхэмкІэ щыІэ советым хэтхэм я зи чэзу зэІущІэр. Абы щыхэплъащ Урысей Федерацэм и къэрал лъэпкъ политикэм къыгъэув къалэнхэмрэ Іуэхуэхэмрэ гъэзэщІа зэрыхъум.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ **УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и ІуэхуэхэмкІэ и министр Чеботарёв Сергей, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щыналъэм щыІэ Матовников Александр, КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек** сымэ.

ЗэІущІэм и пащІэдзэм **Путин Владимир** тепсэльыхьащ лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэ куэд щыпсэу Урысей къэралыгъуэм дежкІэ Кавказ Ищхъэрэм иІэ мыхьэнэм, урысей хэгъэгуэм я зыужьыныгъэр нэхъри щІэзыІэбыдэ, щІэныгъэ, щэнхабзэ зэпыщІэныгъэр езыгъэфІакІуэ Іуэхугъуэхэм, лъэпкъ зэхущытыкІэм гулъытэ хэха зэрыхухэщІыпхъэм, абы екъулІауэ лэжьыгъэ пыухыкІаи зэрелъэкІуэкІыпхъэм.

Советым хэтхэм я зи чэзу зэхуэсым къыщагъэнэІуа Іуэхугъуэхэм ящыщт лъэпкъ псори зэгурызыгъаІуэ щэнхабзэ Іэнатіэм и Іуэху зыІутыр. Абы техуауэ къыщыпсалъэм, **УФ-м щэнхабзэмкІэ и министр Мединский Владимир** и гугъу ищІащ «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым къызэщІиубыдэм, абы ипкъ иткІи нобэкІэ зэфІагъэкІаІэхэм. Гупытэ нэхъыбэ зыхуащІхэм ящыщщ кІуачжэхэм дзт Щэнхабзэмкіэ унэхэр къэгъэщІорэщІэжьынир, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, абы цІыхубэр щызэхуос, зэмылІэпкъэгъуэхр щызэроцІыху, лъэпкъ щэнхабзэр щахъумэ, жылэдэсхэм сэбэныгагъ пылъу я зэманыр щагъакІуэ. Ар дэни щынэрылъагъущ, унэщІэ зыдащІыхьа къуажэхэм е зи бжэжр щІэрыщІэу къызэІуахыжа уардэунэхэм цІыхубэр жыджэру щызэхуос, щхьэж дзэзыхьхым елъытауэ заужьыну Іэмал ягъуэт.

Лъэпкъ хъугъуэфІыгъуэхэр хъума хъуным щытепсэлъыхьыным, Мединский Владимир кьыхирэщащ программэ щхьэхуэзэмкІэ музейкэр, библиотекэхэр иджырей зэманым дежІуу къызэрагъэщІэращІэр, абы Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхъэрэмрэ зэрыхиубыдэр.

- Нобэ зы Іуэхугъуэм гу лъозгъэтэну сыхуейт, Владимир Владимирович, ар мы дыздэщыІэ Налшык къалэм зи ухуэныгъэр куэд щІауэ къыщІрагъэжьа щэнхабзэ уардэунэрщ. Иджыпсту а проектыр тІэкІу зыдогъэзхуэж, абы хэтыну дыхуейщ иджырей мардэм изагъэ концерт гъэлъэгъуаІэ, сурэт гъэльэгъуэныгъэ щебгъэкІуэкІ хъун пэш, кинотеатр, шхапІэ, нэгъуэщІ-хэри. Зи гугъу щІы ухуэныгъэр инщ, дахэщ, къалэкум итщ. ЗыІукІэ зыпхуэзогъаазэ, ди жэрдэмхэр кьыддэпыІыуу, а уардэунэр и кІэм нэдгъэсыныкІэ дэІэпыкъуэгъу укъытхуэхъуну, - жиІащ щэнхабзэмкІэ министрым.

Сабий театрэм я гугъу щиІым Мединскэр къыдеІуэрыІащ зытепсэлъыхьэ лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ сабий театр 40 къыззрызэІуахым, Ставрополь къалэм сабий театрым гъэкъэн зэрыщыщидзам, Урысейм щыяпэу гъуэзджэмкІэ, макъамэмкІэ сабий школхэм макъамэ Іэмэпсымэхэр къызэрыхуащхъум, абы лъэпкъ макъамэ Іэмэпсымэхэри хэтщ. Министрым къыжьащащ иужьрей илъэсхэм сабий куэд зэпеуэхэм, фестивалхэм хэтыну хамэ къэралхэм зэрагъакІуэр, КъуэкІыпІэ Жыжьэм, Сыбыйм, Кавказ Ищхъэрэм щыщ ныбжьыщІэ куэд абыхэм зэрыхагъэхьэр.

- Документальнэ кинопроектэмкІэ сэбэп дызэрыхъуным иужь дитщ, - жиІащ Мединскэм. - Ахэр нэхъыбэу зытеухуар лъэпкъ щэхабзэмрэ хабзэмрэщ. Иужьрей илъэс зыбжанэр кьапщтэмэ, апхуэдэ документальнэ фильм 65-рэ кьыдэдгъэкІащ, ахэр щыналъэ телевидениэмкІи федеральнэ телеканалхэмкІи къагъэлъэгъуащ.

Мединскэм ІэзыгъуэщІэу кьыхигъэщахэм ящыщщ творческэ гупхэм (самодеятельностхэм) иджы япэу гулъытэ зэрыхуащІынур, лэжьыгъэм хъахудэхуэ зэманыр фІыуэ яльагъу Іэщ1агъэм тезыгъэкІуадэ цІыхухэм, гупхэм мы гъэм грантхэр иратынущ, апхуэдэу 20 къыхахьынрэ мелуан тІырытІ иратынущ, къэралым зыкъыщагъэльэгъуэныр къыхуэзрагъэпэщынущ.

- Иджыпсту дэни интернет щыІэщи, щыпІэкІэ зэпэжьыжьэ куэд зэпещІэф. Лъэпкъ проектым и фІыгъэкІэ виртуальнэ концерт зал 400 къызэІутхащ, иджыри апхуэдизэ къызэдгъэпэщынущ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр абы цІыхухэр къекІуэлІэныр, концертхэр, кинофильмхэр, лекцэхэр щегъэкІуэкІыныр. Апхуэдэ концерт тыпІэхэр цІыхухэм я зэпсэльапІэ, щэнхабзэм и хъумапІэ лъэпкъ хъун хуейщ, - дыщІигъуащ министрым.

2022 гъэр Лъэпкъ творчествэм и илъэсу зэрагъэувыным теухуауэ Мединскэм жиІащ абы цІыху мелуанхэр зэрыщыгуфІыкІынур, Урысейм и хэгъэгу куэдым, абыхэм щыІэ къуажэ цІыкІу нэгъунэ, цІыху зэчиифІэхэр зэрыдэсыр, абыхэм защІэгъэкъуэным мыхьэнэшхуэ зэриІэр. «Дэ тлъэгъуащ Щэнхабзэм и илъэсым (2014), Литературэм, Киным, Театрым я илъэсхэм Іуэхугъуэфі куэдра зыужьыныгъэ инра къаззрыпэкІуар, апхуэдабзэу си фІэщ мэхъу Лъэпкъ творчествэм и илъэсми лъэпкъ щэнхабзэм кууэ зэрызыдиджыпащ», - игъэбелджылащ Мединский Владимир.

Къэрал лъэпкъ политикэр Урысейм гъэззщІа зэрыщыхьым и зы Іыхьэщ «Егъэджэныгъэм зегъэужьын» къэрал программэр, абы хохьэ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектри. Абы и зэхэлъыкІэм зэпкърахауэ тепсэлъыхьащ **УФ-м цІыхухэм щІэныгъэ егъэгъэтыныным и Министр Васильевэ Ольгэ**.

- Лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ нэмыщІ, урысыбзэмрэ Урысей Федерацэм и лъэпкъхэм я бзэхэмрэ зегъэужьыныкІэ ведомственнэ программэ диІэщ, ар 2025 гъэ пщІондэ телэжьынущ лъэпкъ политикэм, - жиІащ Васильевэм. - Гугъуехьхэм я гугъу пщІымэ, лъэпкъыбзэхэр езыгъэджын хуабжьу дыхуэныкъуащ. Министерствэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм кьрикІуаэхэмкІэ кьыдгурыІуащ анэдзэлъхубзэхэмкІэ егъэджакІуэхэр дызэримащІэр. Абы ди ягъэ хэмылъу схужьынукъым, ауэ лъэпкъыбзэхэкІэ егъэджакІуэхэр гъэхьэзырыным щІыналъэхэм хуаІэ бгъэдыхьэкІэм куэд елъытащ. Урысей Федерацэм и хэгъэгу 15-м лъэпкъыбзэ 29-мкІэ егъэджакІуэхэр ягъэхьэзыр. Ар мащІэщ.

- Уэ уи унафэкІэ, Владимир Владимировичрэ, Министерствэмрэ Лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ федеральнэ агентствэмрэ кьызэрагъэпэщащ Урысей Федерацэм ис лъэпкъхэм я бзэхэр хъумэныным джыныкІэ фонд, - кьыпищащ министрым. - Абы и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэр учебникхэр зэхэгъэзэныным, зэрырагъаджэ-методикэ комплектхэр гъэхьэзырыным, щэнхабзэ проектхэр гъэззщІэныным. Гу лъывэзгъэтэну сыхуейщ: къэралым зэрыщрагъаджэ тхьылъэр 222-рэ мэхъури, абыхэм щыщу 10-р лъэпкъыбзэщ. Мы гъэм дэ кьызэдгъэпэщащ Урысей Федерацэм ис лъэпкъхэм я бзэхэм зегъэужьыныкІэ институт. Сыт абы и къалэну щытынур? Дэ дыхуейщ абы УФ-м ис лъэпкъхэм я анэдзэлъхубзэм я щытыкІэр кьихуэтэну, зэрырагъаджэ программэхэр кьипщытэну.

Си къэпсэльэныгъэм и кІэухыу фигу къэзгъэкІыжыну сыхуейщ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым и къалэн нэхъыщхьэу, мыхьэнэшхуэ зиІэу тІу: школым щедгъэкІуэкІ егъэджэныгъэмкІэ дуней псом щынэхъыфІу пщІым дыхьихьэныр; етІуанэрауэ, щІэныгъэ зыбгъэдэлъ, жэуаплныгъэ зыхэлъ щІэблэ къэдгъэхъунырщ - а псор щытхуэзфІэкІынур ди жылагъуэ лъэпкъыбзэр дызэкъуэтмэщ, дызэдэлажьэмэщ.

Лъэпкъхэм я унэу Москва дэтым и Жылагъуэ советым и унафэщІ Зорин Владимир жиІащ къэрал лъэпкъ политикэм лъэпкъ-щэнхабзэ, лъэпкъ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр и Іыхьэ нэхъыщхьэ дыдэу зэрыщытыр, ахэр къэрал къулыкъущІапІэхэм я лэжьэгъуэ, къэралым зэхущытыкІэфІ илъыныкІэ ахэр граждан жылагъуэ институт лъэщу зэрыщытыр. Дызэрыт зэманым Урысей Федерацэм лъэпкъ-щэнхабзэ автономиеу 1210-рэ щолажьэ, абыхэм ящыщу 20-м федеральнэ статус иІэщ, 288-р щыналъэхэм яйщ, 92-р щыпІэ зэгухьэныгъэщ, статистикэм кьыщымыгъэльэгъуэ нэгъуэщІхэри щыІэщ.

- Сэ мащІэу сыкъытеувыІэну сыхуейт 2020 гъэм екІуэкІыну кьыхэтхыкІыныгъэм. Сыту жыпІэмэ, аращ ди къэралым ис лъэпкъэмрэ абыхэм я бзэхэмрэ я хьыбар кьыдэзытынур, - жиІащ Зориным. - Дэтхэнэри хуитщ Конституцэм и 26-нэ статьям кьызэригъэувым тету зыщыщ лъэпкъыр зэгъэльэгъуэну. Адрей къэралхэм апхуэдэ Іэмал иІэкъым. Ди къэралым ис цІыхухэм я процент 15-р лъэпкъитІым щыщ адэ-анэхэм кьалъхуащ, абы кьыхэкІыу цІыху зыкъомым лъэпкъ зэмыщхьэхэр кьагъэльэгъуэнущ, бзэ зыбжанэ я анэдзэлъхубзэу ятхынущ. Псом хуэдизкІэ кьыдэкІуэу жыпІэмэ, унагъуэ куэдым я анэдзэлъхубзэ етІуанэу кьалъытэ урысыбзэр. Апхуэдэ щапхъи щыІэщ. Уеблэмэ, ар цІыху мелуан бжыгъэ мэхъу. ИкІи 2002, 2010 гъэхэм екІуэкІа кьыхэтхыкІыныгъэхэм деплъыжьмэ, язныкъуэ щыналъэхэм ис лъэпкъхэм я бжыгъэр мыпэжу кьыщагъэльэгъуэ щыІэщ.

Иджырей кьыхэтхыкІыныгъэр Урысейм щыяпэу интернетым и Іэмалхэмкіэ екІуэкІыну аращ, ар Іэмал гъуэзэджэщ, ауэ быдэу зыкІэлъыплъыхьащ. Жэуаплныгъэ нэхъыбэ зыпылъыр электроннэ кьыхэтхыкІыныгъэм елэжьынухэри цІыхубэри хуэгъэхьэзырынырщ.

Зорин Владимир кьыхигъэщащ къэрал лъэпкъ политикэ гъэпсыкІэр лъэпкъ зэхущытыкІэр егъэфІакІуэ-ныжмкІэ сэбэп зэрыхъур, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ щымыІэныжмкІи къалэн зэригъэзащІэр. Урысейм исхэр зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэм я рейтингым 17-нэ уяпІэ щыубыдау аращ нобэкІэ терроризмэм. Абыкіэ арэзы хъуэ тІысыж зэрымыхъунур, лъэпкъ шынагъуэншагъэр сытым дежи я нэІэ зэрыщІэтыпхъэр дыщІигъуащ кьэпсэльам.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Урысейм и Президент Путин В. В. «ДыгъафІэ къалэ» сабий академием зыщеплъыхь

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Налшык къалэм къыщыкІуам «ДыгъафІэ къалэ» сабий академием щыІащ икІи конструктор, инженер ныбжьыщІэхэм я лэжьыгъэхэм щыгъуазэ зищІащ. Къэралым и Унафэщ1ым и гъусащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэ Матовников А. А., Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ К. В. сымэ.

ТВОРЧЕСТВЭМКІЭ сабий академиер 2016 гъэ лъандзрэ мэлажьэ икІи абы иджыпсту цІыкІухэр щеджэ пэшу, лабораторэу 43-рэ иІэщ, спортым зыщыхуагъасэ, къыщыфэ, нэгъуэщІ пэшышхуэхэр хэтщ. Апхуэдэу сабий академием библиотекэ, правовой щІэныгъэхэр щрагъэгъуэт классхэр, музыкэмкІэ Темыркъан Юрий и классыр, гуэзджэмкІэ Шемякин Михаил и классыр хэтщ. Мы Іуэхущ1апІэм хохьэ естественно-математикэ зэпеуэхэм зи зэфІэкІыр щызыгъэльэгъуа, япэ-епщыкІуанэ классхэм щІэс сабийуэ 250-м щадэлажьэ лицей, зи ныбжьыр илъэси 5 - 17-м ит школакІуэу 6000-м нэблагъэм щІэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт центр, «Кванториум» сабий технопарк гъуазджэм, спортым, щІэныгъэм я лъэныкъуэкІэ нэхъ зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ сабийхэр кьыхэзых икІи абыхэм ядэІэпыкъу «Антарес» щІыналъэ центрыр.

Урысейм и Президентыр «Кванториум» сабий технопаркым и класс зыбжанэм елпІащ. РобототехникэмкІэ классым абы щыгъуазэ зыщищІащ кьалэхэм кІэрыхуфІэхьэрыхуэхэр зэхэхауэ щызэхуэзыхьэсыфыну робот зыбжанэм я моделхэр. Энерджи-квантумымкІэ пэшым Путин Владимир щеплъащ кьурш щІыналъэ пхыдзахэм кьыщагъэсэбэпыфын хуэдэу ягъэхьэзыра ягъэІэпхъуэ гидроэлектростанцым. Къэралым и Іэтащхьэр космоквантумымкІэ пэшым щылажьэ еджакІуэхэм епсэльащ, сабий академием и «КъыгъэлакІуэ ныбжьыщІэ» классым щыІащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Дыгъуасэ

Министрыр и къулыкъум пэрохьэ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ УФ-м и Президент Путин Владимир къыдигъэкІа Указым ипкъ иткІэ Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и унафэщІу игъэува Павлов Василий и къулыкъум зэрыпэрыувэм теухуа зэхьыхьэм.

МИНИСТРЫР кьыззхуэсахэм яригъэщІыхуащ Урысейм и МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм и унафэщІ Бачурин Сергей. Абы кьыхигъэщхьэкІащ КъБР-м щыІэ МВД-м и унафэщІу щІэуэ ягъэувар и Іэщ1агъэм зэрыхуэІэкІуэлъакІуэр, зэфІэкІ зыбгъэдэлъ унафэщІу зэрыщытыр икІи и лэжьэгъуэхэм пщІэшхуэ кьызэрыхуащІыр.

КъБР-м и Іэтащхьэр КъБР-м щыІэ МВД-м и унафэщІым и къулыкъым ягъэувам екъуэзхъуащ икІи жиІащ къэралым и Президентым кьигъэлъэгъуа кьалэн нэхъыщхьэхэр гъэззщІэным, щІыхуэм я шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыным пыщІа кьалэнхэр Павлов В. М. и унафэм щІэт гупым тэмэму ягъэззэщІэну зэрыщыгугъыр. «КъБР-м и къэрал властым и органхэми кьарууэ яІэр ирахьэлІэнщ фи Іуэхур нэхъ тэмэму дэкІын папщІэ зыхуеину Іэмалхэр кьызэгъэпэщыным», - кьыхигъэщхьэхуІащ КІуэкІуэ К. В.

ЗэІущІэм кьрихьэлІащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм и къудзэ Попков Валерий, КъБР-м къеГъэщІыпІа федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Тимур, республикэм и хабзэхьумэ Іэнатіэм я унафэщІэр.

Полицэм и генерал-майор Павлов Василий УФ-м и МВД-м и «Поволжье» Управленэ нэхъыщхьэм Іэнатіэм щынагъэншагъэ кьыщыщзгъэпэщыныжмкІэ и къудамэм и унафэщІу, иужькІэ УФ-м Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ и министерствэм и Управленэу Севастополь къалэм щыІэм и унафэщІу щытащ. ЩІэгъуэгъуэм и 18-м щегъэжьауэ КъБР-м щыІэ МВД-м и унафэщІ.

КІуэкІуэ Казбек «Урысей зэкъуэт» партым и Іуэхущ1апІэм щыхуозэ

Тхьэмахуэ махуэ кІуам Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек «Урысей зэкъуэт» партым и Іуэхущ1апІэм щахуэзащ зи щхьэ ІуэхукІэ Кьэлэуэлахэм.

АР ХЭТАЩ псэупІэхэр егъэфІэкІуэным, бын куэд зиІэ унагъуэхэмрэ зи узынщагъэ зэкІэльыкІуэ цІыхухэмрэ ядэІэпыкъуным пыщІа лъэІуэхэмрэ тхьэусыхафэхэмрэ.

ЦІыхухэр кьызэрелъэІуа псоми хэплъэу, ахэр щагъэззщІэфыну пІалъэхэм кьыщыгъэльэгъуа жэуапхэр ягъэхьэзырыну КІуэкІуэ К. В. яхуигъэуващ зыхуэфащэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщІхэм, муниципальнэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Лэжьыгъэ Іуэхукіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщыІам Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къудзэ Мутко Сергей УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэхэмкіэ и министр Чеботарёв Сергей щыІугъу еплъащ социальнэ мыхьэнэ хэха зиІэ проектхэр республикэм зэрыщагъэзащІэм.

Мутко Виталийрэ Чеботарёв Сергейрэ щыгъуазэ защІащ социальнэ мыхьэнэ хэха зиІэ проектхэр КъБР-м зэрыщагъэзащІэм

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий ящІыгъуу Мутко Виталийрэ Чеботарёв Сергейрэ Налшык и Александровкэ хьэблэм щащІ зыгъэпсэхупІэм еплъащ. А лэжьыгъэр ирагъэкІуэкІ «Къалэр зэІузэпсыр щІыныр» щІынальэ проектым хуэбыдэу.

Иджыпсту щхьэунтІагъэ куэд щыхаса а щІыпІэм инженер комуникацэхэр щызэрахъуэкІ, лъэс зекІуапІэхэр асфальтрэ бетонрэ зэрытралъхьэнум хуагъэхьэзыр. Адэкіэ сабийхэм папщІэ джэгупІэхэр, спортым и лІэужьыгъуэ щхьэхуэхэмкІэ гъуэгуэр ящІын, удз гъэгъахэр хасэн хуейщ. Апхуэдэу мыбы пщІэншэу Интернетыр щылэжьэнущ.

Мы щІыналъэ проектым ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псори зэхэту зэІузэпэщ щащІынущ пщІантІэу 145-рэ, цІыху нэхъыбэ щызэхуэзс щІыпІэу 28-рэ.

АдэкІэ Мутко Виталийрэ Чеботарёв Сергейрэ Аруан муниципальнэ районым хьыкъ Джэрмэншыкъ къуажэм щеплъащ псори зэхэту зым тонн 3400-рэ, адрейм тонн 2650-рэ зыщІэхуэ пхъэщхьэмыщхьэ хъумапІэ лъэщу тІум.

«ЮгАгроГрупп» компанием и инвестицэ проектыр теухуауэ иджыпсту щІэІэ пхъэщхьэмыщхьэ хъумапІэр тонн 5100-м нэс щхьэу нэхъ ин щыным икІи абы пыщІа лэжьыгъэхэр мы илъэсым щыщу кьэнэжа зэманым зэфІагъэкІынущ. Абы папщІэ зыхуеину уухуэныгъэ-монтаж лэжьыгъэхэр яухащ, альандэрэ яІа Іуэхущ1апІэм аргуэру хъумапІитІ кьыпащІыхьащ, дэтхэнэми тонн 1700-рэ щІэхуэу. Мы проектым ипкъ иткІэ лэжьапІэ Іэнатіэщ1уэ 24-рэ кьызэІуахынущ, гъэмахуэ лъэхъэнэ абы щылажьэхэр щІыху 80-м нэсу щытынущ. Мыбы щахъумэ продукцэр нэхъыбэу къэзыгъэсэбэпынур ерыскьыпхъэмкІэ индустриием хиубыдэ предприятэхэрщ, тыкуэн инхэрщ, опт, розницэ сатум и Іуэхущ1апІэхэрщ.

А район дыдэм щыІэ «Жыг хадэ» акционер зэгухьэныгъэми апхуэдэ проектым щолэжь икІи пхъэщхьэмыщхьэ тонн 2650-рэ зыщІэхуэн хъумапІэ щащІ. Абдеж щыхасэнущ пасэу кьызэпыкІэ мыІэрысей хадэу гектар 30,5-рэ. Мы предприятэми цІыху 20-м щІигъу илъэс псом лэжьапІэкІэ кьызэригъэпэщынущ, лэжьыгъэхэм я гуащІэгъуэм деж ахэр цІыху 80-м щІигъу щытынущ. Нобэм ирихьэлІэу уухуэныгъэ-монтаж лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр зэфІагъэкІащ, жыг хадэм щыщу гектар 20-р хасащ.

Іуэхущ1апІэхэм еплъа нэужь Мутко Владимир жиІащ мыпхуэдэ предприятэхэр къызэгъэпэщыныжмрэ абыхэм зегъэужьыныжмрэ мыхьэнэшхуэ зэраІэр, сыту жыпІэмэ районым, республикэм и экономикэр зэрырагъэфІакІуэр, апхуэдэу мы Іуэхум социальнэ мыхьэнэшхуи зэриІэр, цІыхухэр лэжьапІэ Іэнатіэхэмкіэ къызэзыгъэпэщыр.

Инвестицэ проектитІри ягъэзащІэ «Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым зегъэужьыныр» Урысей Федерацэм и къэрал программэм тету.

УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къудзэмрэ Урысейм Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм и Іэтащхьэмрэ еплъащ Джэрмэншыкъ къуажэм дэт курыт школым щІэсхэр зэреджэм, абыхэм я зэманыр зэрагъакІуэм. Мутко Виталий къэрал властым и щыналъэ органхэм щрэшІу ящищащ къуажэм дэт курыт еджапІэ закъуэр къэгъэщІэрэщІэжьынмкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэр яубыхуну, цІыкІухэм ирагъэгъуэт щІэныгъэм и фІагъыр кьэІэтыным кьаруу нэхъыбэ ирахьэлІэну. Апхуэдэу УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къудзэм кьыхилъхьащ цІыкІухэм я мызакъуэу кьуажэдэсхэми кьагъэсэбэпын, узынщагъэр щрагъэфІакІуэр спорт комплекс мы школым къыщыкІуэрыкІыныжмкІэ хэкІыпІэхэр ябзыхуну.

АдэкІэ Мутко Виталийрэ Чеботарёв Сергейрэ Налшык къалэм дэт социальнэ Іуэхущ1апІэхэм еплъащ. Къалэм и спорт Іуэхущ1апІэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ «Спартак» стадионыр. Абы лжьыгъэ куэд щІэгъэкІуэкІын хуейщ. Къапщтэмэ, тribунэхэм, дыхьэпІэ-дэкІыпІэхэм я щытыкІэр зэкІэлъыныкІуэщ, псымрэ канализацэмрэ зрикІуэ бжьамийхэр жьы дыдэ хъуащ. ЩІыналъэмрэ къалэмрэ я унафэщ1ым хуагъэуващ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр илъэси 100 зэрырикъур щагъэльэпІэну 2022 гъэм ирихьэлІэу стадионыр къэзгъэщІэрэщІэжьынмкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэр яубыхуну.

«Ерыскьыпхъэ» лъэпкъ проектым хиубыдэу Налшык къалэм иджыпсту щащхуэ сайий 1224-рэ зэкІуэлІэну курыт еджапІэ. Абы класс, лабораторэ 50-м щІигъу иІэнущ, спортым зыщыкъуагъасэ пэшхэр, псы есыпІэу тІу, иджырей шхапІэ, зэуэ цІыху 560-рэ зыщІэхуэн пэшышхуэ хэтынущ. Апхуэдэу школ пщІантІэм кьыщыщзэрагъэпэщынущ футбол, волейбол, баскетбол джэгупІэхэр. ЕджапІэщІэр уухуэныр подрядчикым мы гъэм зэфІэгъэкІыну я мурадщ. Иджыпсту лжьыгъэ псори ягъэува пІалъэхэм кьыкІэрымыхуу ирагъэкІуэкІ.

Социальнэ мыхьэнэ зиІэ проектхэр зэрагъэзащІэм еплъа нэужь Мутко Виталий кьыхигъэщхьэхуКІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кьыхуауТІыпщащ инвестицэхэр тэмэму зыкъызэрагъэсэбэпыр, абыхэм я хьэкъкІэ лэжьапІэ Іэнатіэщ1эхэр кьызэрызэІуахыр, экономикэр зэрыгъэфІакІуэр, жылагъуэхэр зэІузэпэщ зэращІыр, социальнэ Іуэхущ1апІэхэр республикэм и щІыналъэ нэхъ пхыдзахэми зэрыщащІухуэр.

«Республикэм зэрызиужьыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьныгъэмкІэ программэм кьуриубыдэу социальнэ, инфраструктурэ уухуэныгъэхэр зэрыгъэкІуэкІыр нэрылъагъущ. Дэ ди нэкІэ тІъэгъуащ пхъэщхьэмыщхьэ хъумапІэхэр зэращІыр, иджырей жыг хадэхэр зэрыхасэр. А псори сэбэпыныгъыщхуэ кьызыпэкІуэну, лэжьапІэ Іэнатіэщ1эхэр кьызэзыгъэпэщыну, ресурсхэр зэрызыужьыну, республикэми къэралми фейдэ кьыхуэзылэжьыну инвестицэ проектщ. Илъэсым апхуэдэ уухуэныгъэхэр хы мэхъу, ауэ кьыкІэлъыкІуэ зэманым ягъэзэщІэну проектхэри кьыхьдох, Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и и министерствэм и Управленэ Севастополь къалэм щыІэм и унафэщІу Чеботарёв Сергей.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Лъэпкъхэр хъумэным, зегъэужьыным теухуауэ зочэнджэщ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

Лъэпкъ Іуэхухэмкіэ федеральнэ агентствэм и унафэщІ Баринов Игорь жиІащ ди къэралым и лъэпкъ политикэм гупсэхуу, псори зэпэльытауэ бгъэдыхьэн зэрыхуэйр, лъэпкъ зэхуэщытыкІэхэм куууэ хащІыкІыу зэрыщытыпхъэр, иужьрей ильэсхэм абы и лъэныкъуэкІэ Іуэхуфі куэд къэралым зэрыщыщзэфІагъэкІыр.

- Зы бзэ закъуэ нэхъ мыхъуми кІуэдыжьыныр зэи из пхуэмыщыжьын хэщІыныгъэу зэрыщытыр дощІэ дэ, абы къыхэкІыу дызыхущІегъужьын зы лъэбакъуи тчы хъунукъым, - жиІащ Бариновым. - ООН-м къыхилъхьэу 2019 гъэр Лъэпкъыбзэхэм я дунейпсо ильэсу зэрыщытар хуабжьу сэбэп хъуащ. Дэ тлъэгъуащ, зэи къэмыхъуауэ, лъэпкъыбзэхэр джыным гулъытэшхуэ хуащІ зэрыхъуар. Мис ар щыдгъэт хъунукъым, адэкІи кІыпытщэн хуейщ. Ди къэралми хамэ къэралхэми лъэпкъыбзэхэм ехьэлІа Іуэхугъуэу 750-рэ щІекІуэкІащ мы гъэм, абы Урысейм и цІыхуу мелуан ныкъуэ хэтащ, хамэ къэрал 70-м щыщ цІыху щхьэхэзэхэр, зэгухьэныгъэхэри кІыхьыхьащ. Нэхъ ин дыдэу екІуэкІауэ къэпльытэ хъунущ «Этнографие диктант иныр», абы хэта упщІэхэм я нэхъыбэр зытеуухуар Урысейм ис лъэпкъ мащІэхэм я бзэрат. Диктантым, ди къэралым ис цІыхухэм нэмыщІу, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъахэгъу куэди къыхьыхьащ.

Бзэм ехьэлІами, лъэпкъ политикэм епхами блэкІа илъэсым Іуэхугъуэ куэд убзыуха зэрыхъуар, цІыхухэм я гупсысхэр къызэрыраухэлІар жиІащ Бариновым. Абы илкъ иткІэ, къыальытэ лъэпкъыбзэхэр хъумэнымкІэ стратегие дэфтэр нэхъыщхьэ зэхэзгъэувэн хуейуэ. Абы хохьэ сабий гъэсапІэхэм, пэщІэдзэ еджапІэхэм анэдэлъхубзэхэр щегъэджын, анэдэлъхубзэхэмкІэ егъэджакІуэхэр гъэхъэзырын зэрыхуейр.

- Къыхэгъэщын хуейуэ къызолытэ, 2020 гъэм щегъэжьауэ иджыпсту дызэрылажьэ къэрал программэм хуэхэа мылъкум зэрыхэхъэуэр, ар сом мелуан 900-кІэ нэхъыбэ хъунущ, - къыпищащ Бариновым. - Абы къыхэкІыу, дяпэкІэ нэгъэущІ Іуэхугъуэхэри тхуэзфІэхъунущ, абыхэм ящыщу Урысейм ис лъэпкъхэм я литературэри дэІыгъныр. Сыбырым, Урысейм и Ищхъэрэ щІыналъэм, КъуэкІыпІэ Жыжьэм щыпсэу лъэпкъ мащІэхэм хухах субсидиеми хэхъуащ. Ахъшэр дапщэ мыхъуми, федеральнэ, щІыналъэ бюджетхэм кьыхэкІыр зэхэтлъхьэми, щыхуримыкъу щыІэщ проект инхэм. ФІыщІэ яхуэщІыпхъэщ зи мылъку лъэпкъ Іуэхум хэзылъхьэ хъэрычэтыщІэхэм. Щапхъэу къэсхьынщ «Лукойл»-р ди дэлэпькъуэгъуу едгъэкІуэкІ «Таланты Арктики. Дети» лъэпкъ проектыр, нэгъуэщІхэри. Щхьэхуэу я гугъу щІыпхъащ, жиІагъуэ зэгугъэзнэгъэхэмрэ федеральнэ лъэпкъ-щэнхабзэ автономиехэмрэ. Аха ращ сыт хэзэ Іуэхури кьызэгъэпэщІыныжьмкІэ сэбэп хъуэ. Къэрал лъэпкъ политикэр гъэкІуэтэныжьмкІэ къалэн нэхъыбэ зыгъэзащІэр, дауи, федеральнэ, щІыналъэ, щІыпІэ унафэщІхэрщ.

КьыгтэщІыпІ Іуэхугъуэхэм ящыщу жэуаплныгъэшхуэ тхэлъу дызыбгъэдыхьэн хуейр 2020 гъэм екІуэкІыну Кьыхэтхыкыныгъэращ. 2010 гъэм щІыху куэдым къагъэлъэгъуауэ щытакъым ящыщ лъэпкъыр. Иджы, Іэмал зэриІэкІэ, абы цІыху псори кьетшэлІэн, дэфтэрхэм щыуагъэншэу итыпхъэр иратхэн хуейщ. Абы кьрикІуэнур хуабжьу сэбэп кьытхуэхъунущ кьыгтпэщылъ Іуэхухэр игъуэм зыхуей хуэзэу зэфІэтэхынымкІэ.

«Кавказым ис лъэпкъхэм я урысей конгресс» урысейпсо жылагъуэ зэщІэхьееныгъэм и Совет нэхъыщхьэм и унафэщІ Паскачев Ахьмэбэч УФ-м и Президентым фІыщІэ хуищІащ Советыр иджы япэу. Кавказым зэрыщыриІэкІуэ-кІым папщІэ. «Кавказыр игъащІэми Урысейм и тІасхъапІэр къэзыгъэлъагъуэ икІи лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и щапхъэ хъу щІыпІэщ. Къэралым и унафэщІыр кьыззэрыкІуар щыхьэт тохъуэ абы Урысейм щиубыд увыпІэм, - жиІащ Паскачевым. - Сэ къыхэзгъэщыну сыхуейщ къэрал лъэпкъ политикэм и стратегиер ди-Іэ зэрыхъуэр лъэпкъ зэхуэщытыкІэр Урысейм зэрыщефІэкІуар дэнэ щыпІи зэрыщытлъагъур. Ауэ сыкъытеуВыІэнут Кавказ Ищхъэрэм щыщыІэ гугъуехьхэм. Ар щІалэгъуалэ мелуан ныкъуэ хуэдиз лэжьапІэнэщэу зэрыдэтырц. Абы кьрикІуэм фэри фыщІгъуазэщ, ахъшэншэу, Іуэхуншэу дэт щІалэгъуалэр Іуэху мыхъумыщІэхэм дахьэх, гуп дзыхьщІыгъуэджэхэм зыхашэ. Ахэр кьэсмыхъун папщІэ, КИФЩІ-м лэжьапІэ ІэнатІэщІэхэр кьыщызэІуихьэ хуейщ, корпорацэ инхэр кьыхэшауэ федеральнэ мыхьэнэ зиІэ ІэнатІэхэр ухуэн е кьэгъэщІэрэщІэжьын хуейщ. Псалъэм кьыдэкІуэу жыпІэмэ, ШэшэнРеспубликэм щІыдагъэ кьыщыщІащ и комплексыр, япэм хуэмыдэми, зэфІэгъэувжамэ, кьиин куэд зэфІиГъэкІынут. Апхуэдэ гулъытэ яхуэщІын хуейщ Сыбырми КъуэкІыпІэ Жьыжьэми.

ЩІалэгъуалэр зы утыку щызэІущІэрэ щызэпсалъэу, щызэчэнджэщу кьызэгъэпэщІыпхъэщ, абыкІэ щІыпІэ тельыджэщ Кавказыр. КьищынэмыщІауэ, Владимир Владимировичи, уэ иджыблагъэ жьпІауэ щытащ 2030 гъэм ирихьэлІэу ІэщІагъэлІ мелуани 3-м нэбла-

УФ-м цІыхуэм щІэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ и министр Васильевэ Ольгэрэ УФ-м щэнхабзэмкІэ и министр Мединский Владимиррэ.

гъэ щытхуримыкъу зэман къэхъуну шынагъуэ зэрыщыІэр. Абы иджы щыщІэдзауэ иужь димыхьэмэ, тхуэзэфІэкІыжьынкІэ хъунущ. Правительствэр абы зэрелэжьынур кьызгуроІуэ, ауэ дэ, жылагъуэ лэжьакІуэхэри, дыхьэлІыфІыхьыныр игъуэу кьыСщохъу. Псалъэм кьыдэкІуэу жыпІэмэ, иджыпсту Кавказ Ищхъэрэм апхуэдэ унэтІыныгъэмкІэ лэжьэн щыщІэддэзмэ, зи гугъу пщІа бжьыгъэм и Іыхьэ щанэр игъэхьэзырыфынущ. Абы хохьэ, си япэкІэ къэпсэльаехэм зи гугъу ящІа урысыбзэмрэ литературэмрэ, лъэпкъыбзэхэмрэ литературэхэмкІэ егъэджакІуэхэр гъэхьэзырыныр, нэгъэущІ куэди».

Урысей Федерацэм ис лъэпкъ мащІэхэр зыгъэпІейтей Іуэхугъуэ зыбжанэ зэІущІэм кьыщІэтащ **Дунейпсо Адыгэ Хасэм и президент Сэхъурокъуэ Хьэутий**. Абы жиІащ анэдэлъхубзэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрми, Урысейм и нэгъуэщІ хэгъэгухэми лэжьыгъэшхэ зэрыщекІуэкІыр, иджыри зэфІэгъэкІыпхъэщ щыІэр зэрымымащІэр.

- Сэ япэу зи гугъу сщІынур зэрыраГъаджэ тхыльхэмрэ пособиехэмрэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр кьапщтэмэ, анэдэлъхубзэхэр зэрыраГъаджэ тхыльу 92-рэ, пособие 50 кьыщащІэсэбэп. Ауэ абыхэм ящыщ зыи къэралым щагъэбелджылаХэм хэтхьэм. Ар абы хэдгъэзыхуэн папщІэ Москва идогъахь, ар зыхуей хуэзэу къапщытэн папщІэ щІыналъхэм щыІэ Іэщ Іагъэлі-хэм я деж къраГъэхьыж, зэрыгурыІуэгъэщи, дэ ди бюджетымкІэ а тхыльхэр кьытхудэгъэкІыркъым, - жиІащ Сэхъурокъуэм.

А Іуэхур нэхъ тыншу зэрызэфІахьи Іэмал гуэр кьагупсысыну зыхуигъэзащ Сэхъурокъуэм УФ-м щІэныгъэ зэгъэгъуэтынымкІэ и министрым икІи жиІащ дэ зэредгъэджэну тхыльхэр зэхэзыгъэувэфын е кьэзэпщІытэн Іэщ Іагъэлі хэр, щІэныгъэ центрхэр, университет, гуманитар институт дызэриІэр, абыхэм уи дзыхь ебгъэз зэрыхъунур. Адыгэ литературэм и классик, иджыблагъэ «Лэжьыгъэм и Лыхъужь» цІэ лъапІэр кьызыхуагъэфэща Мэшбащіэ Исхьэкъ, балъкъэр цІыхубз усакІуэ Зумакуловэ Танзиля сымэ хуэдэхэр комиссэм и тхьэмадэу лэжьэфынущ.

Сэхъурокъуэ Хьэутий кьыхигъэщащ лъэпкъ мащІэхэм я бзэр зэраджын тхыльхэм ехьэлІауэ Президент фондым иригъэкІуэкІ лэжьыгъэри, ауэ ахэри хабзэм игъэзагъэн зэрыхуейр, абы хухахьи ахъшэ щІынальэ бюджетхэм зэрымыІэр дыщІигъуащ.

- А псом кьадэкІуэу, анэдэлъхубзэхэр езыгъэджын Іэщ Іагъэлі хэр гъэхьэзырынми гулъытэ хэха хуэщІыпхъэу кьызолытэ, Ольгэ Юрьевнэ кьызэрыхигъэщащи, - кьыпищащ адэкІэ Хьэутий. - Урысыбзэр яджын папщІэ дэІэпыкъунытІэрэ зыгъэпсынкъуэмэ, Владимир Владимировичи, дэ ди анэдэлъхубзэхэм нэхъыбэжу гулъытэ хуэщІыпхъэщ. Псом нэхъ нэхъыщхьэр дэІэпыкъунытІэщ, ар кьызэрызэрагъэпэщынунафащ.

Сэхъурокъуэм жиІащ лъэпкъ литературэм дэІэпыкъунымк, зыхуей бюджет ахъшэр хухэхьыни, форумхэр, съездхэр мыхъуу, лъэпкъхэм я тхакІуэхэм защІэгъэкъуным гулъытэ хэха зэрыхуэщІыпхъэр, арыншамэ, пщэдей анэдэлъхубзэмкІэ литературэм идгъэувэн тхыгъэ дызэрыпсымэжынур.

- Владимир Владимировичи, дэ диІэ дунейпсо зэгурыІэныгъэм ипкъ иткІэ, ди лъэпкъэгъуэхэр щыхэзэс къэралхэм далъэІэсын, я бзэмрэ я щэнхабзэмрэ яхъумэжын папщІэ дадэІэпыкъун хуейщ. Абы кьыдэкІуэу, ди зэманым хэхэс адыгэхэм урысыбзэри зрагъэщІэну жэрдэм яІэ хъуащ. Иджыри кьэс адыгэбзэмкІэ егъэджакІуэ щІэлъэІуамэ, адыгэ литературэ урысыбзэри езыгъэджыфын Іэщ Іагъэлі кьызыщІэупщІэр, ар Израильм (Кфар-Камэ), Тыркум, Иорданием исхэрщ. Ар къэрал политикэми елъытащ, Урысейр Сириеми зэрыкьуэурэм, нэгъуэщІ къэралхэм зэрахущытым теухуауэ кьилэжьа пщІэщ, - зыхуигъэзащ Сэхъурокъуэм къэрал унафэщІым.

Сэхъурокъуэ Хьэутий УФ-м и Президент Путин Владимир фІыщІэ хуищІащ ди жылэм дэжь зрагъэз щІалэщІэр ди республикэм и Іэтащ Іэкъу кьызэригъэкІуэжам папщІэ, КІуэкІуэ Казбек щхьэкІэ дегупет 72-м зэдаРэзыуэ Іэ зэраІэтар, езыр зыдэлэжьа, пщІэшхуэ зиІэу псэуа, лэжьа, ди республикэм и япэ Президенту щыта КІуэкІуэ Валерэрэ Путин Владиммиррэ къэрал ІуэхукІэ кьызэрызэдэгъуэгурыкІуар жиІащ икІи абы и фэеплъым ноби пщІэ кьызэрыхуищІым щхьэкІэ фІыщІэ хуищІащ.

Сэхъурокъуэм кьыхигъэща гугъуехьхэм я Іуэху зыІутыр кьызэхуэсахэм я пащхьэ кьрилъхьэну Путин Владимир псалъэ иритащ **Васильевэ Ольгэ**:

- Хуабжьу мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхущ узытепсэльыхьар, Хьэутий Хьэзрит и къуэ. Абы дэнэ хэгъэгу щыпсэу лъэпкъ мащІэри егъэпІейтей, - жиІащ Васильевэм. - Ныбжьэгъуэх, къэралым игъэбелджыла зэрыраГъаджэ тхыльхэр федеральнэ бюджетым тхуэхих сом мелуани 10-мкІэ къэтщэхуурэ щІынальэхэм пщІэншэу зэбгредгъэхэзращ, фызэрыщыІуэзэщІ. Къэрал тхыль тедзапІэ дызэримыІэм къыхэкІыу, езы тхылъ тедзапІэхэм жылагъуэ, щІэныгъэ, егъэджэныгъэ экспертизэхэр кьызэрагъэпэщри, кьыдэгъэкІынымыщІа пыщІа Іуэху псори зэфІэкІа нэужь, традза тхылъыр зэрырагъаджэм я бжыгъэм хьдогъэхьэ. Мы Іуэхум куэдрэ дытепсэльыхьащ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, зэрырагъаджэ тхылъхэмрэ абыхэм я фІагъымрэ къэралым дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ. Ди министерствэм унафэ ищІри, тхылъхэм я фІагъыр кьыщапщытэ къэрал центр ЕгъэджэныгъэмкІэ академием кьыщыІэзыгъэхащ. Иджы тхылъ тедзапІэм кьыдигъэкІа тхылъхэр эксперт центрым къагъэхьа нэужь, а центрым Къэбэрдей-Балъкъэрым, Санкт-Петербург, псалъэм папщІэ, я щІэныгъэлІэхэм зыхуагъэзэ, щІэныгъэ, щІэныгъэметодическэ экспертизэ ирагъэкІуэкІын щхьэкІэ. Мис ар къэрал заказ мэхъу. Абы кьыхэкІыу, Хьэутий Хьэзрит и къуэ, дяпэкІэ фи щІэныгъэлІэхэри Іуэхум кьыхэтшэнущ, ахэр арэзы зытехьуахэр зэрырагъаджэ тхылъхэм хэдгъэхьэнурэ къэралым и ахъшэкІэ кьыдэдгъэкІынущ.

Ар дяпэкІэ апхуэдэу дгъэпсыну ди мурадщ, Владимир Владимировичи.

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым Лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ и комитетым и унафэщІ, Тэтэрхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ федеральнэ автономием и советым и Іэтащхьэ Гильмутдинов Ильдар кьыдэзхуэсахэм я пащхьэ зэрыщытыр. Гульытэншэу къанэркъым егъэджакІуэхэм зэфІах щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм зегъэужьынри.

Министрым зэрыжиІамкІэ, ар зи лъэІуащ Урысейм ис лъэпкъ мащІэхэм Іэлыфбейр, пэжырытхэр, нагъыщэ гъэувыкІэхэр къахуэзгъэпэщыныжьмкІэ законым и проектыр. «НобэкІэ къапщтэмэ, лъэпкъ 30-м Іэлыфбей яІэкъым, нэгъуэщІу жыпІэмэ, тхыбзэншэр. Мы законыр Правительствэр кьыддэІэпыкъурэ кьыдэкІамэ, хуабжьу Іэмэпсымэ лъэщ хъунут лъэпкъ тхыбзэ дунейм кьытехьэныжьмкІэ», - жиІащ Гильмутдиновым.

Сенаторым зи гугъу ищІахэм ящыщу ОТР телеканалым иджыблагъэ хэгъэгуэм ярита эфир зэманыр. Иджы пщэдджжьыжьмрэ пщыхьэщхьэмрэ щІыпІэ программэр кьыдагъэувэну хуитщ хэгъэгуэр, ауэ ОТР-м лъэпкъыбзэхэмкІэ нэтын яГъэхьэзырыну зэрыхимыштым кьыхэкІыу, урысыбзэкІэщ зэрылэжьэнур. Абы кьыхэкІыу Гильмутдиновым кьэрал Іэтащхьэм и деж нихьэсащ апхуэдэ лицензэ ОТР-м кьыхуэзгъэпэщыным щІынальэхэр зэрыщІэлъэІыр.

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и УнафэщІым и Іэтащ Умаханов Ильяс жиІащ:

- Кавказыр Іэпкъльэпкъыр зэпызыщІэ псантхуэхэм изогъэщхь сэ, мыбы псори зэщІыгъуу гуфІэгъуэхэр щалъэІ, Іуэгуехьхэм щапэщІэтщ. Щэнхабзэмкіэ министрым Налшык щаухуэ Щэнхабзэ уардэунэр и кІэм нэгъэсынымкІэ сэбэп хъун хуейуэ зэрыжиІар си гуапэ хъуащ. Дэ дыхуэныкъуэщ щІалэгъуалэр щызэхуэтшэсын апхуэдэ Іуэхущ Іапхэхэм. Псалъэм кьыдэкІуэу, Япэ каналымкІэ екІуэкІ «Голос» шоум хуэдэ Кавказ Ищхъэрэм кьыщыщзэдгъэпэщ щхьэ мыхъурэ, урысыбзэкІи лъэпкъыбзэхэмкІи уэрэд щыжаІэу?! Е Къэзан щекІэкІа WorldSkills чемпионатым хуэдэ, ArtSkills фІэтщу, лъэпкъхэм я Іэпщ Іэлъапщ Іэхэм я зэфІэкІ щагъэлъагъуэ зэпеуэ кьызэдгъэпэщмэ, екъуІэныгъэ иІэнкъэ?! ЕтІуанэу кьыхэзгъэщыну сыхуейт лъэпкъыбзэкІэ тхэ тхакІуэхэмрэ усакІуэхэмрэ гулъытэ хэха яхуэтщІын зэрыхуейр. Ди жагъуэ зэрыхъуащ, зэдзэкІакІуэхэр ди Іэжькъым, абы кьыхэкІыу ди тхакІуэ ныбжьыщІэхэр яцІыхуркъым, гулъытэкІэ, саугъэтхІэ дгъафІэркъым.

«Урысейм ис полякхэм я конгресс» федеральнэ лъэпкъ щэнхабзэ автономием и унафэщІ Романовэ Галинэ лъэІуакІэ захуигъэзащ Путин Владимиррэ Васильевэ Ольгэрэ. Урысей Федерацэм къэралыгъуэ щызымыІэу ис лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэр яджыжьыныжьмкІэ Іэмалхэр кьызэрагъэпэщыныжьмкІэ дэІэпыкъуэгъу хуэну. Лъэпкъ-щэнхабзэ автономиехэм ирагъэкІуэкІ а лэжьыгъэр, ауэ абыкІэ сэбэп хъун кьудамэ УФ-м цІыхухэм щІэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ и министерствэм зэмытмэ, Іуэхухэм пэлъэщІынукъым. КъищынэмыщІауэ, Романовэм кьелъытэ, курыт еджапІэхэм анэдэлъхубзэхэмкІэ программэм и лей егъэджэныгъэ сыхьэтхэр кьыщызэрагъэпэщын хуейуэ, абыкІэ министерствэм щолхэр хуит имыщІауэ сабийхэр щрагъэджэнукъым.

Путин Владимир зэІущІэм хэтахэм фІыщІэ яхуищІащ икІи къапсэльам Іуэху пыухыкІа кьэрикІуэн зэрыхуейр жиІащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэр Бахъсэн районым щыпсэухэм я лъэІухэмрэ тхьэусыхафэхэмрэ хэплъащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэу Мэлбахъуэ Борисрэ Къаздэхъу Альбертрэ, апхуэдэу «Урысей зэкъуэт» партым и къудамэу Бахъсэн районым щыІэм и секретарь Балъкъыз Артур сымэ «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партыр кьызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 18 зэрырикъум ехьэлІауэ ирагъэкІуэкІ тхьэмахуэ лэжьыгъэм хиубыдэу Бахъсэн муниципальнэ районым щахуэзащ зи щхьэ ІуэхухкІэ кьекІуэлІаХэм.

АБЫХЭМ я лъэІухэмрэ тхьэусыхафэхэмрэ теухуат социальнэ Іэнатіэм, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм я Іуэхущ Іапіэхэм я лэжьыгъэр егъэфІэкІуэным, цІыхухэм щІапІэхэр яхуэхъуным, нэхъ хуэмыщІахэм ядэІэпыкъуным.

ЦІыхухэм къаІэта псоми гулъытэ яхэлъэу хэплъэри, партым и лІыкІуэхэм ахэр къагъэгугъащ лъэІухэм ящыщу зыри лъэныкъуэ ирамыгъэзыну.

ЧЫЛАР Аринэ.

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 3, *гъубж*

♦Ныкъуэдыкъуэхэм я дунейпсо махуэщ. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 1992 гъэм кьищта унафэм ипкъ иткІэ яГъэуващ.

♦Компьютер графикэм и дунейпсо махуэщ

♦Пестицидхэр къагъэсэбэпу мыдэным и дунейпсо махуэщ

♦Урысей Федерацэм щагъэлъапІэ Юристым и махуэр

♦Зи Хэкур зыхъумэжурэ хэкІуэда Сэлэт Мыщ Іыхум и махуэщ

♦1586 гъэм Америкэм кьаршри Европэм кІэрпІофыр япэу кьашащ.

♦1621 гъэм Галилей Галилео узэпІыр хуэдэ 32-кІэ нэхъ ину узэзгъэлъагъу телескоп ищІащ.

♦1865 гъэм къызэрагъэпэщащ щІыр зехьэным, мэзхэр гъэкІыным хуэгъэпса академие. Иджыпсту ар УФ-м и мызакъуэу дуней псом и еджапІэ нэхъыбІхэм хабжэ, Тимирязевым и цІэр зезыхьэ мэкъумэш академиерщ.

♦1989 гъэм США-м и президент Буш Джорджрэ КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэ Горбачёв Михаилрэ жаІащ ахэр зи унафэщІ кьэралхэр афІэкІа зэрызэпэщІэмыгъэжыр. А махуэр тхыдэм хьихащ «зауэ щІыІэр» щиуха махуэу.

♦1991 гъэм СССР-м Къэрал шынагъуэншагъэмкІэ и и комитетыр зэбграгъэхІыжащ.

♦2006 гъэм УФ-м теннисымкІэ и командэ хьэхэкъам Дэвис и Кубокыр къихьащ.

♦Совет коктуэр, Т-34 танк цІэрыІуэр зэпкърыщІыхьа **Кошкин Михаил** къызэралъхурэ илъэси 121-рэ ирокъу.

♦Италием щыщ композитор цІэрыІуэ **Ротэ Нино** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, РСФСР-м и цІыхубэ артисткэ **Дорошинэ Нинэ** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Географие щІэныгъэхэм я доктор, Дамаск къэрал университетым и профессор **Абдул-Сэлам Лаш Адыл** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Истамбул щыпсэу уэрэдус, уэрэджьыакІуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къущхьэ Догъэн** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Тележурналист, Дунейпсо Арктомитетым и саугъэтыр зрата **Токъмакъ Светланэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Урысей хоккеист, Олимп джэгухэм тІэунейрэ я чемпион хъуа **Ларионов Игорь** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, экономикэмрэ управленэмкІэ институту Псыхуабэ дэтым и профессор **КъущІыскъуэ Заурбэч** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм 1 градус, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 4, *бзэрэжьей*

♦Информатикэм и махуэщ

♦1674 гъэм Мичиган (США) гуэлым и Іуфэм деж щытІысащ жьлэ цІыкІу, иужькІэ Чикаго кьалэ хъуар.

♦1707 гъэм Урысейм щыпэу Москва кьыщызэІуахащ узынщагъэм щыкІэлъплъ кьэрал Іуэхущ Іапіэ (иджыпсту ар Бурденко Н. Н. и цІэр зезыхьэ дзэ клиникэ сымаджэщ нэхъыщхьэрщ).

♦1717 гъэм Астрэхэм губернием кьызэрагъэпэщащ.

♦1791 гъэм Лондон (Инджылыз) кьыщыдэкІащ «The Observer» («Обсервер») газетым и япэ номерыр.

♦1930 гъэм Цюрих дэт техникэ еджапІэ нэхъыщхьэм и профессор **Паули Вольфганг** нейтроныр зэрыщыІэр кьихутащ.

♦1946 гъэм Москва щызэпкъралъхьащ «Москвич-400» лІэужьыгуэм и япэ автомобилыр.

♦2009 гъэм дунейм ехыжащ совет киноактёр цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и Пыхьужь, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Тихонов Вячеслав**.

♦ Уэрэджьакіуэ, КъБАССР-м щІыхь зиІэ и артист **Ало ЛутІэ** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.

♦Адыгей усакІуэ, тхакІуэ, драматург **Тхьэркъуахъуэ Мэжид** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, Олимп Джэгухэм я чемпион, дунейм хэнейрэ и чемпион хъуа, бжьр иІыгъуу лъагапІэхэм елъэныкъуэ дунейпсо рекорд 35-рэ зыгъэува **Бубкэ Сергей** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм 1 градус, жэщым градуси 6 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХУ Маринэщ.**

Анэдэлъхубзэр ефІэкІуэн папщІэ

● ЩІэныгъэ

Дызэрыщыгъуаззэщи, тхьэмахуэ блэкІам и кІэуэым ди республикэм щыІащ УФ-м и Президент Путин Владимир, кьэралым хиубыдэ щІыналъэхэм я лЫкІуэхэр, кьулыкъущІэ куэд щыгъуу. Абыхэм яхэтащ УФ-м щІэныгъэмкІэ зэгъэгъуэтынымкІэ и министр Котюков Михаил. Президентым КъБР-м и Правительствэм и Унэм щригъэкІуэкІа зэІущІэшхуэм иужькІэ, Котюковыр кІуащ Бэрбэч ХьэтІутІэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и педколледжым икІи абы и унафэщІэм, Іэщ Іагъэлі хэм, республикэм и курыт школхэм я пашэхэм яхуэзащ.

КъБКъУ-м и ректор **Альтуд Юрэрэ** Педколледжым и унафэщІ **Ашэбокъуэ ФатІимэрэ** хьэщІэ лъапІэм зыщагъэпІлъыхьащ иджыпей егъэджэныгъэ мардэм хуэкІуэ техникэкІэ кьызэгъэпэща, технологие пэрытхэри кьыщагъэсэбэп университет кьудамэм. АдэкІэ зэхуэсым щІидзащ. Абы къыщаІэта Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ КъБКъУ-м анэдэлъхубзэмкІэ егъэджакІуэхэр зэрыщагъэхьэзырыр. Апхуэдэуи министрыр щІэупщІащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ, балъкъэрыбзэмрэ литературэмрэ зэрырагъэдж методикэ пособиехэм я щытыкІэм.

- ЩІыналъэм и егъэджэныгъэ ІэнатІэр зыхуэныкъуэ школ лэжьакІуэхэр гъэхьэзырыныр, псом хуэмыдэу анэдэлъхубзэмкІэ егъэджакІуэ нэсхэр иІэнир кьэралпсо мыхьэнэ зиІэ Іуэхугъуэщ, Урысей Федерацэм щекІуэкІ лъэпкъ политикэм и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ, - кьыхигъэщащ **Котюковым** кьыщыпсалъэм. - Егъэджэныгъэмкіэ федеральнэ къэрал стандартым хуэкІуэ щІэныгъэ куу щІэблэм яГуэтын папщІэ, Іэмал имыІэу гъэхьэзырын хуейщ зэфІэкІ лъагэ зыбгъэдэлъ егъэджакІуэхэр.

КъБКъУ-м и Іэщ Іагъэлі хэм министрым жраІащ мы гъэм кьыщыщІэдзауэ университетым кьызэрыщызэІуахьжар егъэджэныгъэм и унэтІныныгъэщІэу «Адыгэбзэмрэ литературэмрэ. Урысыбзэ», «Балъкъэрыбзэмрэ литературэмрэ. Урысыбзэ» унэтІныныгъэкэр. НэхъапэуэкІэ зэрыщытам хуэдэу, иджы студентхэр хурагъаджэ Іэщ Іагъэлі хэм зэгъэгъуэгуу. А егъэджэныгъэ программэм тету езанэ курсым кьащтащ икІи щ Іоджэ студент 17. ЗэІущІэм апхуэдэу щэщІауэ щытепсэльыхьащ педагогикэмкІэ программэ пэрытхэр, зэредж хъ тхылъхэмрэ методикэ пособиехэмрэ егъэфІэкІуэным ди щІыналъэм гулъытэшхуэ зэрыщхьащІым. Гулъытэншэу къанэркъым егъэджакІуэхэм зэфІах щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм зегъэужьынри.

Министрым зэрыжиІамкІэ, ар зи и унэтІныныгъэщІэу «Адыгэбзэмрэ литературэмрэ. Урысыбзэ», «Балъкъэрыбзэмрэ литературэмрэ. Урысыбзэ» унэтІныныгъэкэр. НэхъапэуэкІэ зэрыщытам хуэдэу, иджы студентхэр хурагъаджэ Іэщ Іагъэлі хэм зэгъэгъуэгуу. А егъэджэныгъэ программэм тету езанэ курсым кьащтащ икІи щ Іоджэ студент 17. ЗэІущІэм апхуэдэу щэщІауэ щытепсэльыхьащ педагогикэмкІэ программэ пэрытхэр, зэредж хъ тхылъхэмрэ методикэ пособиехэмрэ егъэфІэкІуэным ди щІыналъэм гулъытэшхуэ зэрыщхьащІым. Гулъытэншэу къанэркъым егъэджакІуэхэм зэфІах щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм зегъэужьынри.

Министрым зэрыжиІамкІэ, ар зи лъэІуащ Урысейм ис лъэпкъ мащІэхэм Іэлыфбейр, пэжырытхэр, нагъыщэ гъэувыкІэхэр къахуэзгъэпэщыныжьмкІэ законым и проектыр. «НобэкІэ къапщтэмэ, лъэпкъ 30-м Іэлыфбей яІэкъым, нэгъуэщІу жыпІэмэ, тхыбзэншэр. Мы законыр Правительствэр кьыддэІэпыкъурэ кьыдэкІамэ, хуабжьу Іэмэпсымэ лъэщ хъунут лъэпкъ тхыбзэ дунейм кьытехьэныжьмкІэ», - жиІащ Гильмутдиновым.

Сенаторым зи гугъу ищІахэм ящыщу ОТР телеканалым иджыблагъэ хэгъэгуэм ярита эфир зэманыр. Иджы пщэдджжьыжьмрэ пщыхьэщхьэмрэ щІыпІэ программэр кьыдагъэувэну хуитщ хэгъэгуэр, ауэ ОТР-м лъэпкъыбзэхэмкІэ нэтын яГъэхьэзырыну зэрыхимыштым кьыхэкІыу, урысыбзэкІэщ зэрылэжьэнур. Абы кьыхэкІыу Гильмутдиновым кьэрал Іэтащхьэм и деж нихьэсащ апхуэдэ лицензэ ОТР-м кьыхуэзгъэпэщыным щІынальэхэр зэрыщІэлъэІыр.

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым и УнафэщІым и Іэтащ Умаханов Ильяс жиІащ:

- Кавказыр Іэпкъльэпкъыр зэпызыщІэ псантхуэхэм изогъэщхь сэ, мыбы псори зэщІыгъуу гуфІэгъуэхэр щалъэІ, Іуэгуехьхэм щапэщІэтщ. Щэнхабзэмкіэ министрым Налшык щаухуэ Щэнхабзэ уардэунэр и кІэм нэгъэсынымкІэ сэбэп хъун хуейуэ зэрыжиІар си гуапэ хъуащ. Псалъэм кьыдэкІуэу,

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №№138, 139, 140-хэм итщ).

ЖУРТ Биберд

ШЫДЫГЪУ

Детектив повесть

Кьыхьзэрыщыхьам ещхьу, щэхуу щІэкІыжащ хъыджэбзыр. Капитанрэ Заурбэчрэ зэпльыжащ.

- Еджэ къыпхуатхам! - къыпигуфІыкІащ Капитан.

Арщхьэкіэ Заурбэч щыст письмоуль эр зэтричыну дзыхь имыщІу, абы и псэм ищІат Маринэ фІы льэпкъ кьыззримыхьыр. Кьыззэрищтам хуэдэу хьэльэу игъэтІылъыжащ щІалэм письмор. «Заурбэч, укъэмыкІуэ, укъэмыпсальэ. Ди адэр иджы хуэдэу къэгубжьауэ зэи слъэгъуакъым. Тхьэм щхьэкІэ сІы льІур гъэщІэ, тІуми зы бэлыхьыр къыдиущІэнущ. Маринэ». Арат письмом итыр.

- Мы хъыджэбз щІыкІур кІуэщІикъуэхьауэ къыщІэкІынущ и адэ делэм! - жиІащ Заурбэч къэтэджауэ пэшыр кьыззхикІухьуэр. - Армыхьуамэ, апхуэдэу къитхынутэкъым абы. Уэ дауэ уеплърэ, Капитан?

- Хьыджэбзым ухуэззэмэ къэпщІэнщ, - Капитан и пащІэкІэ щІэгуфІыкІащ, Заубэч къыжриІэжа псори и щхьэм щызэблэжу, Маринэ и адэр псори зыльыхьуэ лІыукІыр арауэ гурыщхьуэ миныр ищІу. Аущ дауэ нэхъ гъунэгъу абы бгъэдыхьэ зэрыхъунр? Хэкіыпіэ хъарзынэу щІэІэр Маринэтэ, неІэмал, бгъэдыхьэкІэ щылэжьыщ.

- Дэнэ щылажьэрэ хъыджэбзыр, Заурбэч?

- Хэт и хъыджэбз? А-а, Марини? Зыщіыпіи, илъэс хъуащ курыт школыр кьыззэриухри, щысщІ, зыщІыпіи мыкІуэуэ.

Маринэ и адэм и цІэ-унэцІэр Капитан зыгуэрым телефонкІэ жриІащ икІи ельэІуащ абы теухуауэ къыхихуэщІэ псори имыгъэгъвэу къыжриІэжыну.

- Ари Іэхъум щыщщ! - и щхьэр ищІуэ нэбгуэхкІэ Заурбэч хуеплъэкІащ Капитан. - Дыгъуэпшыхь нэхъ пасэу уэзрыкІуэжар пхузогъагъу!

X

Езид и кІаруэр нэхъ зэрыубыдыжьхукІэ, и губжьри нэхъ ин хъурт, псэхупІэ кІэриныту. «Хэт мыпхуэдизу удын къыстезыдзар? Хэту пІэрэ зи гъэзгу зэпызупщІар?» - егупсысыр ар. Полковникым игу къигъэкІыжьырт иужьрей ильэсхэм къаубыда бзаджаэщІэхэр, ялэжьахэр. Абы шэч къытрихьэртэкъым удын къесІэщІар абыхэм зэращыщым. Ауэ хэт? Адыгэм ауэ жиІакъым «Дыгъум зы гуэныхь къехьри, зэдзгъуэм гуэныхьищІэ къехь», - жиІэу.

Иужьрей ильэсхэм ялэжьа щІэпхъаджагъэу зэкагъэкІахэм ящыщу Езид гурыщхьуэ щыпхуэдизыр. Ахэр и щхьэ щызэригъэзэхуэжырт, иныкъуэхэр зэрыщыта дыдэм хуэдэу кІищІэжырт, языныкъуэхэри пшагъуэм фІыкъэкІуэдэжырт. А ІэхъуГуиущым ящыщу зытриубыдэнур ищІэртэкъым. Зэм, ахъшэ нэпцІ зыщІу яубыдажэм нэхъ тригъащІэрт. Абы щыгъуэ ягъэтІысауэр иджыри лъэхъуэщым исщ, ауэ фІы дыдэу ещІэж «ахъшэ нэпцІыр» зыщІа псори яубыдауэ зэрыщымытар. Яубыда щІалищым псори я пщэ далъхьэжри, мылищи прокуратури ГъэпкІауэ къагъэнауэ щытащ. АтІэми, яубыдажэм нэхърэ ямыубыдажэр куэдкІэ нэхъ къуанШэт. АтІэ ахэр жей уфІэщІрэ? Мис, зэман хъарзынэ дагъэкІри, яльэ ящІэжащ.

Езид абыхэм егупсысу зэдэщытым, гу лъитащ и пщІантІэ кІэхьыжьхэм. Ахэр Езид и Іэхъум яужь ит щІалэхэрт. Полковникыр япежьри ахэр къиргъэблэгъащ.

- Уа, полковник, ухъужащ уэ, ауэ лэжьапІэ уныщІыдэмыкІыжьыр сщІэрэкъым, - жиІащ Заурбэч. - Куэдщ зэрызыщІебгъэхар. Мы Сэфарбий жиІэр пэжмэ, уи Іэхъури мыгувэу зэхэкІыжьащ. Ауэ, уэри тІэкІу уеІыдэмэІэпыкъуэ хъунукъым!

- СыткІэ, жысІэ закъуэ! - къильыкІащ абы и нэр. - СыткІэ сызэрывдэІэпыкъуфынур?

- Щхьэжь КъаниболэткІэ еджэу зыгуэр пцІыхуэр, е лэжьапІэкІэ е нэгъуэщІ зыгуэркІэ ухуэзауэ? - щІэупщІащ Капитан. - Егупсысыт фІыуэ!

- Щхьэжь Къаниболэт, Щхьэжь Къаниболэт, - ину жиІащ езы Езиди, хэгупсысыкьауэ.

Дакьикъэ зыщыплІкІэ щысащ ар щыІуэ.

- КъысхуэщІэжыркъым апхуэдэ! - жиІащ Езид, - сыхуэзэн дэнэ къэна, апхуэдэ цІэ-унэцІэ зэхэсхауэ сщІэжыркъым.

- АтІэ Шыдыгъу цІэм зыгуэр къыбжиІэрэ? Ар цІэ лейуэ аращ, - къыщІиГъащ Капитан и псалъэхэм.

- Ар сыткІэ си Іэхъум епха? - щІэупщІащ Езид, гурыщхьэ гуэрхэр ищІауэ.

- Уи Іэхъум епхауэ хуэдгъэфащэу аращ, зэкІэ, - кхыхьхьащ Сэфарбий псалъэмакъым. - Егупсысыт фІыуэ.

Езид зыкъомрэ щыму щысащ. Жэуапым и пІэкІэ, «сщІэркъым» жыхуиІэу, и щхьэр игъэсысащ.

- Дэгъэущ. УщыщІыкІум, фи адэр щІыналъэ мылищэм и унафэщІу щылэжьам, фи кІуэжэ участковэу щытауэ пщІэжрэ - Щхьэжь Къаниейкі эджэу? - Езид нэхъ гъунэгъу Іэхъум иришэлІащ Сэфарбий.

- Дэсащ апхуэдэ участковэ, - жиІащ Езид, - сыщымыуэмэ, ягъэтІысауи щытащ ар, Іэщ зыдыгъу гуп кьыззэригъэпэщащэ.

- Тэмэмщ! - нэжэгужь къэхъащ Сэфарбий.

- Абы бын сыт иІауэ пщІэжрэ, Езид? - дыщІигъуащ Капитан.

Езид и дамэжэр дригъэуеящ «сщІэркъым», жыхуиІэу.

- Егупсыс, полковник, егупсыс. Іэмал иІэкъым ар уэ умыщІэжыкІэ, щыдыгъум яхэту ягъэтІысауэ щыта щІалэ цІыкІур, участковэм и къуэр, - пищащ Заурбэч.

Езид щысхэм ней-нейуэ ельэащ:

- Тхьэ соІуэ, щыІакІэ апхуэдэ зыгуэр... ауэ фІыуэ къыслухуэгубзыгъыжьыркъым! Хьунщ, щыІащ апхуэдэ... Сыт зэман щІа абы пІандэрэ, иджы щхьэ жыщІидыльэфыжа ар?

- Мис абы щыгъуэ ягъэтІысауэ щыта щІалэ цІыкІур арауэ хузогъэфащэ удын къэзыдзар, Езид, - къэпсэльащ Капитан нэхъ тегушхуауэ.

- Сыт щхьэкІэ къызихьн хуей сэ абы лей? КьызгурыІуэркъым. Фэ зыгуэрхэр зэхьиогъэзэрыхьы! - идэркъым Езид.

Езид хуаІуэтащ Шыдыгъум теухуауэ ящІэ псори, Заурбэч пщэпкъкІэ кьыззэриухьэкІри хуэтащ. Езид гуитІ щхьитІ хъуащ. «Е щІалэхэм зыгуэрхэр зэхагъэзэхыльащ, е сэ зыгуэр нэсу кьызгурыІуэркъым» - егупсысащ ар. Псом хуэмыдэу полковникыр хэзыгъапІэр Шыдыгъу и теплъэу Заурбэч кьыжриІарт, хуабжьу зэщхьт Езид кьеуармэ абырэ. Ауэ Заурбэч зыгуэр зэхимыгъэзэрыхьу пІэрэ? ЩІалэщ, пщІэнукъым къэхъуну псор.

- Удын кьыззэздзар мы зи гуПу фІыцІэ арамэ, щІэпхъаджэ зыльэжьар уэрамым хуиту дэтщ. Ар нэхъ щынагъуэщ. Дэтынущ кьыттщІыдыхьэшхыу, игукІэ ауан дякъэшІу. Хьэмэ, сыщцыІэрэ?

- Ущыуэкъым. Дэ ди Іэхъур куэдкІэ нэхъ гугъущ икІи нэхъ хэпльэгъущ уэ удын къозыдзам нэхърэ.

- НэгъэущІ зы хъыбарыщІи вжесІэнщ, - жиІащ Сэфарбий. - Уэ лІыукІым ельэІуащ абы теухуауэ къыхихуэщІэ псори имыгъэгъвэу къыжриІэжыну.

- Ари Іэхъум щыщщ! - и щхьэр ищІуэ нэбгуэхкІэ Заурбэч хуеплъэкІащ Капитан. - Дыгъуэпшыхь нэхъ пасэу уэзрыкІуэжар пхузогъагъу!

X

Езид и кІаруэр нэхъ зэрыубыдыжьхукІэ, и губжьри нэхъ ин хъурт, псэхупІэ кІэриныту. «Хэт мыпхуэдизу удын къыстезыдзар? Хэту пІэрэ зи гъэзгу зэпызупщІар?» - егупсысыр ар. Полковникым игу къигъэкІыжьырт иужьрей ильэсхэм къаубыда бзаджаэщІэхэр, ялэжьахэр. Абы шэч къытрихьэртэкъым удын къесІэщІар абыхэм зэращыщым. Ауэ хэт? Адыгэм ауэ жиІакъым «Дыгъум зы гуэныхь къехьри, зэдзгъуэм гуэныхьищІэ къехь», - жиІэу.

Иужьрей ильэсхэм ялэжьа щІэпхъаджагъэу зэкагъэкІахэм ящыщу Езид гурыщхьуэ щыпхуэдизыр. Ахэр и щхьэ щызэригъэзэхуэжырт, иныкъуэхэр зэрыщыта дыдэм хуэдэу кІищІэжырт, языныкъуэхэри пшагъуэм фІыкъэкІуэдэжырт. А ІэхъуГуиущым ящыщу зытриубыдэнур ищІэртэкъым. Зэм, ахъшэ нэпцІ зыщІу яубыдажэм нэхъ тригъащІэрт. Абы щыгъуэ ягъэтІысауэр иджыри лъэхъуэщым исщ, ауэ фІы дыдэу ещІэж «ахъшэ нэпцІыр» зыщІа псори яубыдауэ зэрыщымытар. Яубыда щІалищым псори я пщэ далъхьэжри, мылищи прокуратури ГъэпкІауэ къагъэнауэ щытащ. АтІэми, яубыдажэм нэхърэ ямыубыдажэр куэдкІэ нэхъ къуанШэт. АтІэ ахэр жей уфІэщІрэ? Мис, зэман хъарзынэ дагъэкІри, яльэ ящІэжащ.

Езид абыхэм егупсысу зэдэщытым, гу лъитащ и пщІантІэ кІэхьыжьхэм. Ахэр Езид и Іэхъум яужь ит щІалэхэрт. Полковникыр япежьри ахэр къиргъэблэгъащ.

- Уа, полковник, ухъужащ уэ, ауэ лэжьапІэ уныщІыдэмыкІыжьыр сщІэрэкъым, - жиІащ Заурбэч. - Куэдщ зэрызыщІебгъэхар. Мы Сэфарбий жиІэр пэжмэ, уи Іэхъури мыгувэу зэхэкІыжьащ. Ауэ, уэри тІэкІу уеІыдэмэІэпыкъуэ хъунукъым!

- СыткІэ, жысІэ закъуэ! - къилыдыкІащ абы и нэр. - СыткІэ сызэрывдэІэпыкъуфынур?

- Щхьэжь КъаниболэткІэ еджэу зыгуэр пцІыхуэр, е лэжьапІэкІэ е нэгъуэщІ зыгуэркІэ ухуэзауэ? - щІэупщІащ Капитан. - Егупсысыт фІыуэ!

- Щхьэжь Къаниболэт, Щхьэжь Къаниболэт, - ину жиІащ езы Езиди, хэгупсысыкьауэ.

Дакьикъэ зыщыплІкІэ щысащ ар щыІуэ.

- КъысхуэщІэжыркъым апхуэдэ! - жиІащ Езид, - сыхуэзэн дэнэ къэна, апхуэдэ цІэ-унэцІэ зэхэсхауэ сщІэжыркъым.

- АтІэ Шыдыгъу цІэм зыгуэр къыбжиІэрэ? Ар цІэ лейуэ аращ, - къыщІиГъащ Капитан и псалъэхэм.

- Ар сыткІэ си Іэхъум епха? - щІэупщІащ Езид, гурыщхьэ гуэрхэр ищІауэ.

- Уи Іэхъум епхауэ хуэдгъэфащэу аращ, зэкІэ, - кхыхьхьащ Сэфарбий псалъэмакъым. - Егупсысыт фІыуэ.

Езид зыкъомрэ щыму щысащ. Жэуапым и пІэкІэ, «сщІэркъым» жыхуиІэу, и щхьэр игъэсысащ.

- Дэгъэущ. УщыщІыкІум, фи адэр щІыналъэ мылищэм и унафэщІу щылэжьам, фи кІуэжэ участковэу щытауэ пщІэжрэ - Щхьэжь Къаниейкі эджэу? - Езид нэхъ гъунэгъу Іэхъум иришэлІащ Сэфарбий.

- Дэсащ апхуэдэ участковэ, - жиІащ Езид, - сыщымыуэмэ, ягъэтІысауи щытащ ар, Іэщ зыдыгъу гуп кьыззэригъэпэщащэ.

- Тэмэмщ! - нэжэгужь къэхъащ Сэфарбий.

- Абы бын сыт иІауэ пщІэжрэ, Езид? - дыщІигъуащ Капитан.

Езид и дамэжэр дригъэуеящ «сщІэркъым», жыхуиІэу.

- Егупсыс, полковник, егупсыс. Іэмал иІэкъым ар уэ умыщІэжыкІэ, щыдыгъум яхэту ягъэтІысауэ щыта щІалэ цІыкІур, участковэм и къуэр, - пищащ Заурбэч.

Езид щысхэм ней-нейуэ ельэащ:

- Тхьэ соІуэ, щыІакІэ апхуэдэ зыгуэр... ауэ фІыуэ къыслухуэгубзыгъыжьыркъым! Хьунщ, щыІащ апхуэдэ... Сыт зэман щІа абы пІандэрэ, иджы щхьэ жыщІидыльэфыжа ар?

- Мис абы щыгъуэ ягъэтІысауэ щыта щІалэ цІыкІур арауэ хузогъэфащэ удын къэзыдзар, Езид, - зригъэубгъун игугъат, арщхьэкІэ ахэр здэкІуэнум нэсат.

- Фыкіуэ, фэ фыщІыхьэ, сэ зы тутын згъэсынщ, - жиІащ Капитан, - слъагъу хъуркъым хущхъуэмэр!

Езидрэ Заурбэчрэ хущхъуэ щапІэм щІыхьащ. ЦІыху зыщІыплІт абы щІэтыр. Хущхъуэ зыщэ цІыхубзыр щилъагъум Езид мащІэу къэуІэбжьащ. «Мы дахэ дыдэр дэнэ иджыри къэ здащІыІар? НэгъэущІ мыхъуми, блэкІ пэтрэ зэ щхьэ фымыльэгъуарэ?!» - жиІащ абы игукІэ.

ЛитІыр къыщилъагъум, цІыхубзым нэшхуэгушхуэ дыдэу жиІащ:

- СыныводаІуэ...

Хущхъуэ къыщІэхуну хуатха рецептыр цІыхубз дахэ къэІэбам иритащ Езид. Полковникым занщІэу гу лъитащ абы Іэпльын зэрыІэрыпльым. «ЛІы иІэкъым жысІэнущи, си фІэщ хъуркъым, иІэмэ, Іэпльыин щхьэ Іэрымыльрэ-тІэ?» - егупсысащ Езид. ЦІыхубзэри рецептым ельпъурэ лъэныкъуэкІэ іуКІащ. Абы хэту хущхъуэ щапІэм лЫ кІыхь къыщІыхьащ, къуэкьышхуэ зиІэ пыІэ щхьэрыгъыу, нэгуджэ фІыцІэ ІулърэтащІ ящІ кІыхьи щыгъыу. И теплъэкІэ ар Езид фэбжь къытезыдзам ещхьыркъабзэт. Полковникымрэ лЫмрэ я нэхэр зы дакьикъэкІэ зэхуэзащ. ЛЫм Езид зэрильэгъуар зыуи къыщыхьхуэкъым, уеблэмэ, ицІыхуэхэри умыщІэну Іэдэбт.

Езид и мызакъуэу, Заурбэчи къэуІэбжьащ. Абы игугъащ хущхъуэщапІэм къыщІыхьар Маринэ и адэр арауэ. А тІур къызэпачауэ зэщхьт. Ауэ Заурбэч и нэ жанэм къаубыдащ къыщІыхьа лЫм и нэкІу сэмэгум тет хьэмцІыраКІэ цІыкІур. Апхуэдэ тетэкъым Маринэ и адэм. ЛЫм Езидрэ Заурбэчрэ чэзуэ къызэпилпхьхьри, хущхъуэ зыщэр здэщытым деж хэлъ бжэмкІэ щІыхьащ, цІыхубзым зыгуэр жриІэри. Хущхъуэ зыщэ цІыхубзри абы кІэлъыщІыхьащ.

- Сыт жыпІэнур, Заурбэч? - жиІащ Езид.

Заурбэч мащІэу къыпигуфІыкІри жэуап къитащ:

- Аракъым ар, Езид!

- Дауэ армыраУэ? Си нэр нэжмэ, аращ, мыгъэрегъэм зи гугъу тщІырт.

- Хьэуэ, Езид, аракъым, сэри сигуГащ ар. Зэщхьщ, егъэлеяуэ зэщхьщ, ауэ аракъым.

- Щхьэжь Къаниболэт псэууэ дунейм тетыжмэ, мо щІыхьар аращ, мыпсэужмэ, абы и Іуэхур щхьэхуэщІ! - быдэу жиІащ Езид.

- Апхуэдэу ущигугъкІэ, дегъауи дыгъэбыдЫ!

- Дауэ? Іэщэ иІыгъыу къыщІэкІынущ...

А тІур щэхуу зэпсалъэ пэтми, хущхъуэ щапІэм щІэтхэм гу къыльатауэ кьеплъырт. Куэдыщэри щІэтакъым лЫр здыщІыхьам, къэгубжьауэ къыщІэкІыжьри, адэкІи мыдэкІи мыплъэу хущхъуэ щапІэм къыщІэщІэфтащ. Абы яужькІэ, дакьикъэ зыщыплІкІи къыщІэкІыжакъым хущхъуэ зыщэ щІыхубзыр, ауэ къыщыщІэкІыжам ари и фэм итыжьртэкъым, къыщиуду гъын хьэзыру, и нэхэм нэпсыр кьеКІуат.

- А-а, уэ хущхъуэ уэстын хуейт, - къыщІэжащ абы Езид сымэ къыщІыльаГъум, иКІи рецептыр здихьар имыщІэжу, зыкъомрэ къилъыхъуащ.

Езид хущхъуэ къритар и жыпым иРилъхьэну хунэмысауэ, аптекэм щІыхубзитІрэ зылІрэ къыщІыхьащ. Езид Іэщ Іалъ хущхъуэр щалъагъум, лЫм жиІащ:

- Къысхуэгъэгъу, ныбжьэгъу, зы дакьикъэкІэ сегъэпплыт къэпщэхуахэм.

- Еплъ, - кхыхуишиящ абы Езид иІыгъ хущхъуэхэр.

ЛЫр хущхъуэхэм еплъри, цІыхубзитІым яритащ:

- Феплъыт!

- Аращ! - жаІащ тІуми зыжьащ.

Къэхъуар къыгурымыІуэу, Езид Іэнкун хуэщащ.

- Мы пІыгъхэр хущхъуэ нэпцІщ, - жиІащ цІыхубзитІым язым. - Зыри къуищІэнукъым, ауэ сэбэпи къыпхуэхъунукъым.

- Базэм хущхъуэ нэпцІ куэд къашащи, хущхъуэ щапІэхэр кІэтщытэу аращ, - Іуэхур нэхъ зэІуб з ищІащ адрей цІыхубзым.

Сурэтыр **Сэвкіуий Хьэмид** *ищІащ.*

Хущхъуэ щапІэм щІэт цІыхубзыр, уепщамэ джэлэну, кьызэІыхьащ. Ар апхуэдизкІэ Іэпэлъапэсыс хъуати, зэІэбри ищІэжьыртэкъым. Ар щилъагъум, Езид щабзэ жиІащ:

- Умыгузавэ, дэ иужькІэ дыкъыщІыхьэнщ.

Абы къыфІимыгъэкІыу Езид аптекэм къыщІэкІыжащ, Заурбэч зыгуэрхэр жриІуэрэ. Капитан, етІуанэ тутынкІр щІигъэнауэ щытт.

- Абы ныщІыхьэу къыщІэкІыжа лЫр флъэгъуакъэ? - жиІащ абы зэкІэлъыгъэпІащІэу.

Заурбэч зэуэ къыщиудри ину дыхьэшхащ.

- ТлъэгъуащІ, тлъагъуу кьэнэжа къудей, ауэ ар уи гур здэжар аракъым.

- Сэ ар зэи слъэгъуакъым, ауэ фэ жыфІахэм тесщІыхьащи, адэкІи мыдэкІи куаІэ имыІэу Шыдыгъуу!

- Сэр дыдэм аращ жысІэр, ауэ шынэхъыщІэм къысхуидэркъым. НэхъыщІэр нэхъ нэ жанщ, едэІуэн хуейщ, - жиІащ Езидри.

- ТІэ, фынакІуэ, паркымкІэ дыкІуэнщ, Тхьэ соІуэ университетыр кьыззэрызухрэ симыхьа абы. Нобэ Езид и фІыщІэкІэ ди паркыжьми дыкьеплъынщ.

- Илъэс дапщэ хъуа Капитан а зи гугъу пщІы университетыр кьыззэрыбухрэ?

Капитан ней-нейуэ Заурбэч къеплъащ:

- Илъэс дапщэ щІами, щІалэжь цІыкІу, уэ гъуэншэджанышэу унэ лъэгур къыупщІыхьырт.

Ахэр ину дыхьэшхащ.

- Нэсри къэсыжжауэ фыуГурлыщ, - абыхэм я щІыбымкІэ къыдыхьащ Мурадин, Езид и щІалэр. - Ди дадэ сыкъигъэкІуащ, ныщхьабэ уи ныбжьэгъухэри уи гъусэу, кьуажэм укІуэжын хуейуэ, - жиІащ абы, Заурбэчрэ Капитанрэ сэлам ярихыуэр.

Езид сыхьэтым еплъащ.

- Сытым дэж дыщІыкІуэжьи хуейуэ жиІар?

- ПыухыкІауэ сыхьэт бжьгъэ жиІакъым, пщыхьэщхьэ дыкІуэжынщ.

- Дэгъэущ, дэ тІэкІу паркымкІэ зыщІтплъыхьынщи, дыныдыхьэжынщ, - жиІащ Езид, - ди анэм жеІэж и шхын нэхъыфІхэм щыщ игъэхъэзырыну.

ЩІалэхэр паркымкІэ кІуащ. Капитан Езид зыхуигъэзащ:

- Дауэ Іэпльыщхьэрэ мы паркым иращІар?

- Абы Іьандэрэ укъимыхьауэ ара?

- СыдэкІуат зэ, мыпхуэдэу Іисраф зэращІар си жагъуэ хъури, ижьыкІэ сыкъэкІуэжьафакъым. СыкъэкІуэпэнуми зэман сиІэжьащ.

Заурбэч щыму едаІуэрт и гъусэ тІым жаІэм. Абы ищІыхур нобэрей паркыр, нэгъуэщІ парк ильэгъуатэкъым.

- СлІо, иджы нэхърэ нэхъ дахэу щытауэ ара ди паркыр? - игъащІагъуэ щІэупщІащ ар.

- Нэхъ дахэу щытауэ ара жи?! Мо удэ гъэгъа Іуащхьэм и пІэкІэ щыта псыутхыр сыт и уасэт! Гъэмахуэ щыІэмэ а псыутхым гъунэгъу ухуэхъуамэ сытым хуэдэу укъигъэщІыІэтыІэрэт!

- Уэлэхьи якъутэн хуэмея ар. Сэ сыт хуэдэ къалэ сыщымыІами, апхуэдэ зыщІыпІи щысльэгъуатэкъым.

- Пэжщ, бэлыхьт! Сталиным и фэепльышхуэр-щэ? Зэтракъутащ псори.

- Абыхэм я закъуэ, паркым жыг итыжжьым, ежэри къэраутщІкІащ.

ЩІалэхэр ялэ зыхуэзэ тетІысхьэпІэм зыкьомрэ тесащ. Парк Іэхъур яухри, нэгъуэщІ Іэджэм я щхьэфэ иІэбащ ахэр.

- АтІэ, щІалэхэ, фынакІуэ, ди адэм деж дыдыхьэнщ.

XII

И щІалэр хуэжу сымаджэщым кьыззэрыщІэкІыжам щхьэкІэ Хьуд (Езид и адэм), гъэлъэжу иуКІащ. Абы куэдыщІ ящІэрэблэгъакъым - Езид къыдэлажьэ щІалитІымрэ хьэблэм дэс гъунэгъухэмрэт. Ар хуейтэкъым и щІалэм къыльысса лейр хэІущІыІу щІыщІэну. Гупыр дахэу зэхэсащ пщыхьэщхьэм, хъуэхъуфІ куэди щысжаІащ. Псом хуэмыдэу Заурбэч и гушыІэ пІаскІуэмрэ хъуэр дахэмрэ псори дихьэхат. Уеблэмэ, Езидрэ Капитанрэ, я лэжьэгъу щІалэщІэр фІы дыдэу зыщыхуу зигугъэжхэри, я жьэр Іурыхуауэ кьигъэнат абы.

НэгъэущІ зы щэхуи къащІащ Езидрэ Капитанрэ а пщыхьэщхьэм, ар Заурбэч тІэкІу ефа иужькІэ яхуэмыгъэувыІэжу зэрырихьэжьэщ. Ауэ гъэщІэгъэнэрахьэ, и чэф тІэкІур теужа иужькІэ Заурбэч фІы дыдэу ищІэжырт ефэ Іэнэм щыса псори.

- Уа, щІалэфІ, емыкІу сыкъыумышІ, уэ цІэ уиІэкъэ, дыкъызэрыщІыхьэрэ псоми Капитан, Капитан жаІэ? - гупым я нэхъыжьым Капитан зыхуигъэзащ, - къэмэрэ ар уи цІэ дыдэу ара?

Капитан нэхъыжьым жэуап иритыну зигъэхъэзырауэ, Заурбэч къэпсэльащ:

- ПлъагъуэрэІ, ди нэхъыжьыфІ, цІыхур дунейм къыщытехьам деж цІэ фІащ. ЦІэ бэлыхь фІащауэ щытащ ди Капитан, «Мухьэдин» - жаІэрэ. А цІэр зэрихьащ, мылищэм хьэхьэу зыкъом щІэхуКІи, ауэ зэгуэрым, аддэ советскэ властым и зэманым, зы къулыкъущІэшхуэ гуэрым пэпсэльэжри, и гъащІэ псор и Іэкіэ икъутэжащ. Мис а къулыкъущІэр къыхуэзгэупщ, къыхуэзгуэудыщ аби, нэгъуэщІ кьрищІэфыртэкъыми, игъащІэ псокІэ капитанну къигъэнащ. Абы иужькІэ мо цІэ хьэлэмэтыр фІэкІуэдри, Капитану къэнащ, нобэми ныжьэбэми зэрехьэ, сыт мыгъуэ ищІэн!

- А зиунагъэрэ, советскэ властыр зэрыкъутэжрэ неЗмам, - къэпсэльащ гупым щыщ нэгъуэщІ зы лІи, - абы иужькІэ драгъэкІуэтэй хъунутэкъэ?

- «Хьунутэкъэ драгъэкІуэтэй» - жи! Ауэ сытми хъунут, ауэ совет властыр якъутэжа щхьэкІэ, иджыри къулыкъу зыщІэр абы щыгъуэ зыщІакъэращ! Дэнэ хэдэкІуэнур?!

Гупыр куэдрэ дыхьэшхащ, иужьым нэхъыжь дыдэр къэпсэльащ:

- Иджы, си ныбжьэгъужьхэ, дызэхуэарэзыуэ дызэбгрыкІыжьынщ. Ди бысымми загъэпсэхун хуейщ, дэри, Тхьэм жиІэрэ нэху дыкъеКІмэ, Іэхъу зырыз зимыІэ ящхьтхэткъым. УпсэухукІэ, Езид, уи щхьэжІи фІыуэ пльагъуэхэмкІи фэбжьу къывэуІэнур абы иРикІуэуэ Тхьэм къыщІигъэкІ. ДяпэкІэ уузыншэу къэдрэ дунейм тхьэм утригъэт.

- Тхьэм жиІэ! - зыжьэу жаІащ Іэнэм пэрысхэм.

ГуфІэгъуэм кърихьэлІахэр зэбгрыкІыжри, унагъуэр езыр-езыру зэхэсащ, Езид и ныбжьэгъу щІалитІыр я гъусэу. Хьуд гупыр зыщІэса пшыкІэ щІыхьэжри, зыпэрыса Іэнэм бгъэдэтІысхьэжащ.

- ФынакІуэ! Ямыдэ, ди хьэщІэ лъапІэхэ, хамэхэр я унэ кІуэжа иужькІэ, зы бжьэ яІэтыж хабзэщ ди дежкІэ, - жиІащ абы. - Фи дежкІэ-щэ, Заурбэч?

- Ди нэхъыжьыфІ, а хабзэр къэзыублар нэсри къэсыжауэ угурлы гуэру къыщІэкІынт. Хуабжьу сигу ирохь ар!

Ахэр зы бжьэ-бжьитІ ефа иужькІэ, Іуэхум щымыщ-щымыщу Капитан щІэупщІащ:

- Уэ, Хьуд, зауэ нэхъыкІэм фІы къуажэм дэса участковэ мылищэр сыт хуэдэ цІыхут?

- Зауэ нэхъыкІэм участковэ мылищэу зытІущ дэсащ, Капитан, дэтхэнэрауэ пІэрэ узыщІэупщІэр?

- ЯгъэтІысауэ щытащ ар...

- А-а, ЩхьэжьжращІ уэ жыхуэпІэр. А Гъуамэм щхьэ ущІэупщІэрэ, пцІыхуу щытауэ ара, хьэмэрэ...

- Хьэуэ, Хьуд, сыщІуу щытакъым, лэжьыгъэ Іуэхукіэ єриГъэзэжащ.

- Ей, щІалэфІхэ, гуауэ куэд къыдилъхащ абы мы жьлэм. Ахэр нобэми ящымыгупщэжауэ ящІэж къуажэдэсхэм.

- Моуэ нэхъ кІыхьыІуэу къызжеІэжыт, Хьуд, а хьыбарыр, - жиІащ Капитан, ЩхьэжьжьмышІэжу зэримыжагъуэр и псалъэхэм кьыхэщІу.

- ИльэситІ зыщІэсу сыхэмыту уІэгъэ хъэлъэ сыхъури, госпиталым мазиблкІэ сыщІэлащ, - кьрирэжьащ Хьуди, куэдри зримыгъэлъэІуу. - ТІэ, абы иужькІэ зауэм сагъэкІуэжакъым, си лъакъуэ лъэныкъуэр дахэ-дахэу кьыздэбэцІртэкъым. Нобэми зыкьызэгъащІэ абы. ТІэ, сыкьыздэкІуэжам кьуажэ советым и унафэщІу сылажьэрт. Зы ЛІыжь дэст участковэ мылищэу, лэжьэжьфырэтэкъым, мылэжьэжьыфми емыкІу хуэпщІ хъунутэкъым, хэкІуэтат и ныбжьыр, узынщагъэ щІагъуи иЭжэткъым. ІэмалымщагъэкІэ яІыгът, нэгъуэщІ кьагъэкІуэн ямыгъуэту. ТІэ, абы кьыхэкІа, е нэгъуэщІ, дыгъур куэд хъуауэ - дагъэбэуэжьыртэкъым. ДыльІалуэри, лІыжьыр дагъэкІыжри, ЩхьэжьжькІагъэкІуауэ. Абы и фІыщІэми тщІэрэт, сытми, унэ хъунщІэхэр нэхъ зэтеуІащ. Ауэ куэд дэмыкІыу, Іэщ дыгъур къежьэри, ди унагъуэбжэр зэхудагъэщІыжащ. Зыри тхуещІэртэкъым. ЩхьэжьжьмышІэжу, зыкъызэкъуихащ а уэ пщІэ

● Фестиваль

Кавказ театрхэм я зэфIэкI

Налшык къалэр Кавказ Ищхъэрэм и театр гъэлэгъуапIэ нэхъыщхьэ хъуат иджыблагъэ. Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъ драмэ театрхэм щхьэкIэ ирагъэкIуэкI «Южная сцена» фестивалым хыхьэу, спектакль нэхъыфIхэр щагъэлъэгъуащ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым, Налшык и къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм, Музыкэ къэрал театрым. Зэхыхьэр къызэрагъэпэщащ УФ-мрэ КъБР-мрэ Щэнхабзэмкlэ я министерствэхэм, УФ-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэмрэ абы и щIыналъэ щыдамэмрэ.

ФЕСТИВАЛЫР къыхэзылъхьаxэм я мурад нэхъыщхьэр зыхуэгъэзар Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и лъэпкъ театрхэм я лэжьакIуэхэм я зэпыщIэныгъэхэр ягъэбыдэнырщ, щIэблэр театр гъуазджэм дегъэхьэхынырщ.

Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым фестивалыр кIыщIэзIуахащ. Нэш Р. и «Уэшх зыщэр» спектаклымкIэ. Москва къикIа къэпщытакIуэ гупым я пащхьэм кIыхьIэлъыкIуэ махуэхэм щагъэлъэгъуащ Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Абхъаз, Осетие Ипщэ, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Дагъыстэн, Ингуш, Шэшэн республикэхэм, Ставрополь краймрэ драмэ театрхэм я лэжьыгъэхэр.

Фестивалым хыхьэу, актёр Iэзагъэм теухуа мастеркласс кэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм щэкIуэгъуэм и 18-м щатащ ГИТИС-м режиссурэмрэ драмэмкIэ и кафедрэм и доцент Гранитовэ - Лавровская Екатеринэ и нэIэм щIэту. КъищынэмыщIауэ, КъБР-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм лъэпкъ драмэ театрхэм я зыужьыныгъэм теухуа зэIущIэ гъэщIэгъуэн щэкIуэгъуэм и 22-м щызэхэтащ. Зэхыхьэхэм къыщыпсэльащ лъэпкъ драмтеатрхэм я унафэщIхэр, режиссёрхэр, художественнэ унафэщIхэр. Абыхэм къыхэгъэщащ театрхэм я фестивалым мыхьэнэшхуэ зэриIэр, лъэпкъ драмтеатрхэр зэрыщIэныбм, зэдзэIэпыкъуным теухуауэ.

Фестивалыр щIэщыгъуэу, гукъинэжу екIуэкIащ икIи щэкIуэгъуэм и 22-м Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щызэхуащIыжащ. Иужьрей пщыхьэщхьэм театреплъэм ирагъэлъэгъуащ Чанбэ С. и цIэр зезыхьэ Абхъаз къэрал драмэ театрым и режиссёр Кове Валерий щигъэува «Берег неба» спектаклыр.

Театр гъуазджэр фIыуэ зыплъагъуэхэм Iэмал яIащ маухуитхум къриубыдэу лэжьыгъэщIэ куэдым зыщагъэгъэзэну. «Режиссёр лэжьыгъэ нэхъыфI», «Сценографие нэхъыфI», «Бзыльхугъэ роль нэхъыфI», «ЦIыхухъу роль нэхъыфI» гуэшыкIэм тету ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм кърикIуаxэр иужьрей пшыхьым къыщагъэнэIуащ, зи зэфIэкIкIэ къаxэщаxэм саугъэтхэр щратыжащ.

Лъэпкъ драмэ театрхэм псоми ираташ фестивалым зэрыхэтам щыхьэт текIуэ щIыхь тхылъхэмрэ аxъшэ саугъэтхэмрэ. Фестивалым и спектакль нэхъыфI хъуауэ къыхагъэщащ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и режиссёр, УФ-м, Къэбэрдей-Балъкъэр, Абхъаз республикэхэм гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Дзбагъуэ Роман, Мизиев Iэубэчыр, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Хъэщlэгъуэгу, Къасей сымэ. «ЦIыхухъу роль нэхъыфIыр» къехьулIа- гъэ къалъытащ КъБР-м и цIыхуфэ артист, Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым и актёр Жангараев Мажитрэ УФ-м щIыхь зиIэ и артист, Тхапсаев Владимир и цIэр зезыхьэ Осетие Ищхъэрэ къэрал академическэ театрым и актёр Губиев Къазбэчрэ. «ЦIыхубз роль нэхъыфI» лIэужьыгъуэм пашэ щыхъуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисэ КIэхумахуэ ФатIимэрэ Адыгэ, Абхъаз республикэхэм щIыхь зиIэ я артисткэ, Цей Ибрэхьим и цIэр зезыхьэ Адыгэ лъэпкъ театрым и артисткэ Вайкок Iэсиятрэ. «ЕтIуанэ планым и щIыхьхъу роль нэхъыфI» цIэр хуагъэфэщащ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артистхэу Хъыдзэдж Борисрэ Хьэмырзэ Ахьмэдрэ, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и артист Ораков Замир. «ЕтIуанэ планым и бзылъхугъэ роль нэхъыфIкIэ» къыхэжаныкIащ КъШР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, Акъ Мухьэрбэч и цIэр зезыхьэ Шэрджэс къэрал драмэ театрым и артисткэ Тут Тезадэ. «Актёр нэхъ щIалэхэм я цIыхухъу роль нэхъыфI» унэтIныныгъэм щытекIуауэ къалъытащ Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и лэжьакIуэ Блашэ Имран. «Актрисэ нэхъ щIалэхэм ящыщу бзылъхугъэ роль нэхъыфI» къызэхъулIар Хетагуров Коста и цIэр зезыхьэ Осетие Ипщэ къэрал драмэ театрым и артисткэ Бекоевэ Заринэщ.

Къэпщытакlуэ гупым «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр хуагъэфэщащ Ставрополь и Академическэ драмэ театрым, Лермонтов Михаил и цIэр зезыхьэм, и артистхэм, Лопе де Вега и «Валенсианская вдова» классикэ комедиер къаззрехъулIам папщIэ.

Фестивалым зыкъраГъэхьэлIащ Кавказ Ищхъэрэм и театр гъуазджэм и лэжьакIуэхэм, художественнэ унафэщIхэм, режиссёрхэм. Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъ драмэ театрхэм я «Южная сцена» фестивалыр ди щIыналъэм зэрыщекIуэжыр щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэм, театреплъэхэм я махуэшхуэ хъуащ. Театр гъуазджэм и лэжьакIуэхэм я зэфIэкIым хагъэхъуэныкIэ, иджырей драмэ театрым и зыужьыныгъэм зыщагъэгъуэзэныкIэ ар Iэмальфlщ. Лъэпкъ театрхэм ягъэлъэгъуэ спектаклхэм театр гъуазджэм дихьэхэм гукъыдэж кIыритащ икIи я нэгу зрагъэужьащ. Лъэпкъ театрхэр зэрызэмыщкьым хуэдэу, дэтхэнэми и лэжьакIэм гъэщIэгъуэн, щIэщыгъуэ хыбольагъуэ. Зэхыхьэм лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр нэхъри игъэбыдэну, гуапагъэмрэ захуагъэмрэ щытепщэ лъэпкъ хабзэ дахэхэм зрагъэужьыну дыщогугъ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **КъАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Налшык

ИлъэсыщIэм хуагъэщIэращIэ

Япэу къытлъэIэса щIыIэми емылъытауэ, къалащхьэр зэIуэпэщ щIыныбм ехьэлIа лэжьыгъэхэм пащэ.

ЩОДЖЭНЦЫКIУМ и цIэр зезыхьэ узрамым дэкIуей кIей жьгъышхуэхэм щIыпIэр ягъэдахэу, транспортым къыпих кIэгъуасэр ягъэжьаб эу тетщ. Куэд щIакъым абыхэм ябгъурыт лъэс зекIуапIэм щыщу асфальт зытелъаxэр плиткэ нэхъыфIхэм хуэдэкIэ къызэрыращIыкIрэ. Мы махуэхэм лэжьыгъэм пащэ: жыг лъабжьэхэм ирикIуэу Iут бетон къэухьхэр щIэкIэ яхъуэжащ, щIыщIэ къашэри, абыхэм иракIутауэ, коммунальнэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм ар джафэу тралъащIэ, гъатхэм абыхэм Iуву удз щабэр къыщIэзэщIэрыуэн хуэдэу. Нэрылъагъущ Щоджэнцыкlум и уэрамыр, кIыуымыщIыхьужыным хуэдэу, зэпэщу ильэсыщIэм зэрытехьэнур. Лениным и проспектым и кIэм щынагъэсащ абджыпс защIэу ягъэува автобус къэувыIэпIэ дахэхэр. Ахэр ипэкIэ тетахэм нэкъырэ фIыуэ нэхъинщ, абдеж къекIуалIэ автобусхэм я номерхэр налуэу гъэбелджылауэ, электроннэ мардэм тету къытредзэ, абджыпсхэм я зыр рекламэ гъэлъэгъуапIэу щIащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Гу зылъытапхъэ

Урысей гвардием теухуа хъыбархэр къат

«Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием и радиом и журналист АфIэунэ Светланэ игъэхьэзыр «Законный вопрос» нэтыным хыхьэу, «В эфире Росгвардия» рубрикэщIэр иджы дыдэ къызэригъэпэщащ.

УРЫСЕЙ гвардием и щIыналъэ Управленэм и унафэщIым хъыбарегъащIэ Iэхуэщ- лIэхэм ядэлажьэнымкIэ и дэIэпыкIуэгъу, полицэм и полковник **Исаевэ Ольгэ** къызэрыджIалмкIэ, радиом едаIуэхэм маазэм тIэу зэхахынущ Урысей гвардием и республикэ Управленэм и унафэщIхэмрэ офицерхэмрэ лэжьыгъэм зэрытрагъэпсэлъыхьыр.

Пресс-Iэхуэщ- лIапIэм и унафэщI Исаевэ Ольгэ кIэщIу къытеувыIащ Урысей гвардием и тхыдэм, щIалэгъуалэм зэрадзлажьэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ щIыналъэм и хъыбарегъащIэ Iэхуэщ- лIапIэхэмрэ хуаIэ пыщIанысъэхэм.

АфIэунэ Светланэ жеIэ къыкIэлъыкIуэ нэтыным Управленэм и унафэщI, полицэм и полковник Васильев Сергей къызэрырагъэблагъар.

КъыхэгъэщIапхъэщ «В эфире Росгвардия» нэтынкIэ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэ псоми я радиохэм зэраIэр.

БЖЬЫХЬэлI Роззэ.

● Самбэ

Къэралым и Кубокыр къехь

Кстовэ къалэм дэт СпортымкIэ дунейпсо олимп академием щэкIуэгъуэм и 20 - 23-хэм щекIуэкIащ Урысейм самбэмкIэ и Кубокыр къэхъыным ехьэлIа зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ къэралым и щIыналъэ 42-м къикIа спортсмен 450-м щIигъу.

ЗИ ХЬэПЪАГЪЫР килограмми 100-м щIигъуэм я зэхьэзэхуэм щыпкIуэ Къамбий Аслъэн финалым щыхуэзащ Свердловск областым щыщ Тачков Иван. КIэух зэIущIэми и хьэрхуэрэгъуэм щефIэкIа ди лъэпкъэгъуэм къэралым и Кубокыр зыIэригъэхьащ.

МЭЗКУУ Къанщобий.

Къамбий Аслъэн

● Зэзауэ зэхэт

Дунейпсо чемпионатым щытокIуэ

Краснодар крайм хыхьэ Анапэ къалэм мы махуэхэм щекIуэкIащ универсальнэ зауэхэмкIэ щыхуэхъухэмрэ щыхубзхэмрэ я дунейпсо чемпионат.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтащ къэрал 38-м къикIа спортсмен 250-м щIигъу. Мыхьэнэшхуэ зиIэ зэхьэзэхуэм Урысейм и командэ къыхэхам хэту зыкъыщагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсменищым. Абыхэм ящыщу тIум медаль зэмылIэужьыгъуэхэр зыIэрагъэхьащ.

ИрагъэкIуэкIа зэIущIэ псоми щэч къызэтуемыхьэн текIуэныгъэхэр къыщихащ икIи дунейпсо чемпион хуэащ Жылокъуэ Иослъан. Къуущхъэ Андемырзкан зэIущIищым щытекIуащ, арщхьэкIэ финал ныкъуэ зэзэщIэтныныгъэм тIуэнейрэ дунейпсо чемпионым къыщыхигъэщIащ икIи къихьар жзэ медалырщ. Хьэгъажей Резуан япэ зэIущIэ закъуэрщ щытекIуар.

КЪЗХЪУН Бэч.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Дагъыстэн бзылъхугъэр

Республикэ МВД-м и лэжьакIуэхэм Москва щаубыдащ къэралым къыщалъыхьуэ цIыхубзыр.

КъБР-м щыIэ МВД-м и УУР-м, Урысей МВД-м Лэскэн районым щиIэ къудамэм я лэжьакIуэхэм Москва къалэм къыщагъэтыжащ Дагъыстэн Республикэм щыщ, илъэс 43-рэ зи ныбжь цIыхубзым и хэщIапIэр.

ЦIыхубзыр къалъыхьуэрт УФ-м и Уголовнэ кодексым и 22-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуэ щIэпхъаджагъэр (хабзэм къемызэгъуэ афиянхэкIхэр зыIэрыгъэхьэн, хъумэн, къеушэкIын, гъэхьэзырын) илъэкъуэ шэч хуащIу.

Яубыдар екIуэлIэн хуейщ ар къалъыхьуэныр зи жэрдэм Урысей МВД-м Лэскэн районым щиIэ къудамэм.

ЗыбгъэпщкIукIэ зэфIэкIыркъым

Прохладнэ щIыналъэм и полицейхэм яубыдащ ищIэу нэгъуэщIым и узыншагъэм егуэуа, хабзэхъумэхэм защIызыгъэпщкIу, Уссурийск къалэм щыщ цIыхубзыр.

2019 гъэм щэкIуэгъуэм и 23-м «Розыск» Iэхэр ирагъэкIуэкIыу, КъБР-м щыIэ МВД-м Уголовнэ къэлъыхьуэныгъэмкIэ и управленэм, Урысей МВД-м и «Прохладненский» къудамэм, Урысей МВД-м Уссурийск къалэм щиIэ и къудамэм и УУР-м я лэжьакIуэхэм яубзыхуащ УФ-м и УК-м и 115-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и «В» пунктым къыщыгъэлъэгъуэ щIэпхъаджагъэр (ищIэу нэгъуэщIым и узыншагъэм сэкъат етын) илъэкъуэ шэч зыхуащI, Уссурийск къалэм щыпсэу, илъэс 34-рэ зи ныбжь цIыхубзыр здэщыIэр.

А щIэпхъаджагъэр мы гъэм и наxъыгъэм щалэжьащ КъБР-м и Прохладнэ къалэм. И цIыхугъэ цIыхубзымрэ езымрэ зэщIыхьати, ягъэкъуаншэр зэрыпщафIэ сэмкIэ и ныкъуэкъуэгъым и бгъэгум еуащ, къыкIэлъыкIуэу и Iэпэри иуIащ. Шэч зыхуащIым щIыпIэр имыбгынэну зэрыхуагъэувам Iэ щIидзат, арщхьэкIэ, зигъэпщкIуащ.

Сом мин 82-рэ иредыгъкI

Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и полицэм и лэжьакIуэхэм яубыдащ телефоныр къигъэсэбэпурэ цIыхухэр къигъапцIэу щэч зыхуащIа, Курган областым щыщ цIыхубзыр. Абы и лей зытехьахэм ящыщщ ди лъэхэгъу цIыхухъур.

2019 гъэм и щыщхьэгъуэм полицэм зыхуигъэзащ Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и Терскол посёлкэм щыпсэу, илъэс 34-рэ зи ныбжь цIыхухъум. ЗэрыжиIамкIэ, абы и деж къэпсэльащ имыщIыкIу цIыхубз, банкхэм я зым и лэжьакIуэу жызыIар. И банк картэр щIэкIэ ихьуэжьын хуейуэ къыжриIащ, цIыхухъур игъэщхьэрыуэщ, абы и банк картэм щыгъуазэ зищIри, иридыгъукIащ сом мин 82-рэ.

Урысей МВД-м Iуащхьэмахуэ районым щиIэ къудамэм и къэлъыхьуакIуэ лэжьакIуэхэм Курган къалэм щаубыдащ а щIэпхъаджагъэр илъэкъуэ шэч зыхуащI, нэхъапэми мызэ-мытIэу суд зытращIыхьа цIыхубзыр. Абы зиумысыжащ. Ар къашащ Iуащхьэмахуэ районым щыIэ ОМВД-м.

Зыгъэхьэзырар **УАРДЭ Жансурэтщ.**

ГъащIэ узыншэм хуаущий

КъБР-м щыIэ УФСИН-м цIыхубзхэм тезырыр щагъэзэкIуэж и ИК-4-м Тутын емыфэным и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу щрагъэкIуэкIащ «Тутынефэным срибийц!», «ГъащIэ узыншэр къыхьэзох!» зэпеуэ.

АБы ХЭТАЩ тезырыр зыпшыныхь гупищ. Абыхэм папщIэ къызэрагъэпэщат спорт Iэхуэхэр, тутын емыфэным къыхуезыджэ, абы хуэгъэпса блын газет щIыныкIэ зэпеуэ.

Iэхуэм хыхьэу, гъэсэныгъэмкIэ Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм ягъэхьэзырат гъащIэ узыншэр къыхэхыным къыхуезыджэ лекцэхэр, тутын ефэным къихь зэраныгъэм теухуа документальнэ фильмхэм ирагъэплъащ. Мы зэпеуэм щытекIуащ суд зытращIыхьахэр нэхъ хуиту щалыгъ гуп №2-м и щыщ цIыхубзыр.

КъБР-м щыIэ УФСИН-м и ИК-4-м и унафэщIым и къуэдзэм зэрыжиIамкIэ, мы зэпеуэм иужькIэ тезырыр зыпшыныхь цIыхубз зыбжанэм хьэл мыгъуэ яхуэхъуар зыханыныр мурад ящIащ, адрей цIыхубзэхэри къыхураджащ гъащIэ узыншэм трагъэщIэну. Зэпеуэм жыджэру хэтахэм щытхъу тхылъхэр ираташ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Къэралым и Кубокыр къехь

Кстовэ къалэм дэт СпортымкIэ дунейпсо олимп академием щэкIуэгъуэм и 20 - 23-хэм щекIуэкIащ Урысейм самбэмкIэ и Кубокыр къэхъыным ехьэлIа зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ къэралым и щIыналъэ 42-м къикIа спортсмен 450-м щIигъу.

ЗИ ХЬэПЪАГЪЫР килограмми 100-м щIигъуэм я зэхьэзэхуэм щыпкIуэ Къамбий Аслъэн финалым щыхуэзащ Свердловск областым щыщ Тачков Иван. КIэух зэIущIэми и хьэрхуэрэгъуэм щефIэкIа ди лъэпкъэгъуэм къэралым и Кубокыр зыIэригъэхьащ.

МЭЗКУУ Къанщобий.

Къамбий Аслъэн

● Зэзауэ зэхэт

Дунейпсо чемпионатым щытокIуэ

Краснодар крайм хыхьэ Анапэ къалэм мы махуэхэм щекIуэкIащ универсальнэ зауэхэмкIэ щыхуэхъухэмрэ щыхубзхэмрэ я дунейпсо чемпионат.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтащ къэрал 38-м къикIа спортсмен 250-м щIигъу. Мыхьэнэшхуэ зиIэ зэхьэзэхуэм Урысейм и командэ къыхэхам хэту зыкъыщагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсменищым. Абыхэм ящыщу тIум медаль зэмылIэужьыгъуэхэр зыIэрагъэхьащ.

ИрагъэкIуэкIа зэIущIэ псоми щэч къызэтуемыхьэн текIуэныгъэхэр къыщихащ икIи дунейпсо чемпион хуэащ Жылокъуэ Иослъан. Къуущхъэ Андемырзкан зэIущIищым щытекIуащ, арщхьэкIэ финал ныкъуэ зэзэщIэтныныгъэм тIуэнейрэ дунейпсо чемпионым къыщыхигъэщIащ икIи къихьар жзэ медалырщ. Хьэгъажей Резуан япэ зэIущIэ закъуэрщ щытекIуар.

КЪЗХЪУН Бэч.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Изэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iэхуэщ- лIапIэхэм ядэлажьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щIыуэпсыр хъумэнымкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм- 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщалэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аxэр зытехаxэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитныныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхуэщ- лIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактор* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэр* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). Компьютерк Iэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.056 ● Заказ №1077